Сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр

2-нэ нап.

Къэбым и махуэшхуэр

3-нэ нап.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

3-нэ нап.

Лъэпкъ лъэмыжыр быдэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№139 (24.733) ● 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЗэбгъэтIылъэкI мыхъуну къалэнхэр

Мэзкуу лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIа нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ Къэрал Думэм къэрал бюджетым теухуа унафэр етIуанэ еджэгъуэм къызэрищтам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2025 гъэм зыхэтыну лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ щIыналъэм цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ зэрызыщиужьыну щIыкIэм.

Къэралым республикэм къыхуиутIыпщ мылъкур къагъэщхьэпэфын папщIэ, республикэм и Iэтащхьэм игъуэу къелъытэ къалэнышхуэхэр ягъэбелджылыныр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и бюджетыр къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэм. КъинэмыщIауэ, и гугъу ящIащ дызэрыт илъэсым и кIэм нагъэсыпхъэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм.

Удехьэх я Iуэху зехьэкIэм

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЩIыналъэм унафэ щызегъэкIуэнымкIэ и центрым (ЦУР) и лэжьыгъэм щытхъуащ. «Мы махуэхэм илъэситху ирокъу «Диалог» IуэхущIапIэр къызэрагъэпэщу, Урысейм ЦУР-хэм я инфраструктурэм зыщрагъэужьын зэрыщIадзэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ Центрыр илъэсиплI ирикъуащ», - иритхащ Iэтащхьэм и напэкIуэцIым.

«КъБР-м щылажьэ ЦУР-р къэралым итхэм ебгъапщэмэ, пэрытхэм язщ. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ, абы жэуап яритащ цIыху 107000-м я лъэIу тхылъхэу хъыбарегъащIэ зэпыщIапIэхэм кърагъэхьахэм. Гу лъытапхъэщ жэуапым зэрыпэплъэ зэманыр зы сыхьэт нэхърэ зэрынэхъ мащIэм, ахэр зыхуей хуэзауэ щытыпхъэщ, упщIэр зыхуэунэтIа министерствэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ ечэнджэща нэужь ягъэхьэзыру.

КъБР-м и ЦУР-м лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI къэрал IуэхущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ яхузэфIэкIхэм цIыхубэр щыгъуазэ ящIын папщIэ. ХъыбарегъащIэ зэпыщIапIэхэр къагъэщхьэпэурэ, цIыхухэм хъыбар пэжхэр Iэрагъэхьэ. ЦУР-м щIыналъэм проектышхуэхэр щрегъэкIуэкI, сыт хуэдэ зэмани интернетым щызэIэпаххэм кIэлъоплъ, «Хэкур зыхъумэхэр» фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зыщIегъакъуэ, «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэми адрей урысейпсо проектышхуэхэми хэтщ.

Унафэ къэтщтэн и пэ, дэ ЦУР-м иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм доплъ. Ахэр икIи хэпщIащ къэрал IуэхущIапIэхэр бжыгъэр зи тегъэщIапIэ Iэмэпсымэхэм пыщIэн Iуэхум. ИлъэсиплIым и кIуэцIкIэ къэралым и интернет-зэпыщIапIэхэм щIэныгъэм щыхагъахъуэ дерсу 92-рэ ирагъэкIуэкIащ, лэжьакIуэ 1600-рэ къызэщIиубыдэу. Къэрал IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэрапщытэ IэмалыщIэхэр яубзыху. ЦУР-р щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт еджапIэхэми ядолажьэ, студентхэмрэ къэрал къулыкъущIэхэмрэ я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэр къызэрагъэпэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ ЦУР-м и гупым хэтхэм гурэ псэкIэ сохъуэхъу Центрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсиплI зэрырикъум къыхэкIыу, ехъулIэныгъэ яIэу дяпэкIи республикэм хуэлэжьэну си гуапэщ».

ХущхъуэкIэ ирикъуу къызэрагъэпэщын хуэдэу

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэу иригъэкIуэкIам «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу щытепсэлъыхьащ цIыху щхьэхуэхэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщым.

- ЦIЫХУХЭР хуэгъэкIуатэ иIэу хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр едгъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Къэралым а Iуэхур хьарзынэу щызэтеухуащ, узыфэ хьэлъэхэр зиIэхэм я гъащIэр нэхъ тынш ящыщIу. Сыт хуэдэ гугъуехьхэм иджыри дрихьэлIэрэ республикэм и цIыху щхьэхуэхэм хущхъуэхэр пщIэншэу яIэрыхьэным теухуауэ? Аращ нобэ дызытепсэлъыхьынур, - къыхигъэщащ **Егоровэ Татьянэ**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалибатэ Рустам** къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ хущхъуэхэм хуэныкъуэхэм ахэр зэпымыууэ Iэрагъэхьэныр. А Iуэхур федеральнэ бюджетымкIи республикэм и ахъшэкIи къызэрагъэпэщ.

2019 - 2024 гъэхэм къриубыдэу хущхъуэхэр пщIэншэу къызылъысхэм я бжыгъэм хэхъуащ. 2023 гъэм ебгъапщэмэ, федеральнэ бюджетым къыхэкIа ахъшэу а Iуэхум трагъэкIуэдар мы гъэм процент 12,5-кIэ нэхъыбэщ, щIыналъэ ахъшэр - проценти 8,3-кIэ. 2019 гъэм республикэм хуэгъэкIуатэкIэ хущхъуэхэр яIэрыхьэу щытащ цIыху мин 29-м щIигъум, нобэ апхуэдэхэр мин 42-м щхьэдэхащ.

Министрым зэрыжиIэмкIэ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм земыгъэубгъуным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм къэрал ахъшэ хухах. Апхуэдэ сымаджэхэр 2024 гъэм цIыху 5741-рэ мэхъу.

Хущхъуэ зратыпхъэм Iэрагъэхьэныр УФ-м и Правительствэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщ, къищынэмыщIауэ «Круг добра» фондыр абы и лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн мэхъу. Федеральнэ ахъшэу мы Iуэхум трагъэкIуэдащ сом зы мелардрэ мелуан 275-рэ. ЩIыналъэм хуэгъэкIуатэ зиIэ цIыхуу исым я бжыгъэр 2019 гъэм щегъэжьауэ процент 45-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Республикэм и бюджетым щыщу 2024 гъэм а Iуэхум хухахащ сом мелуан 988,4-рэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, щIыналъэм илъэс къэс абы тригъэкIуадэм зэрыхигъахъуэр. 2020 гъэм ар процент 34,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ, 2021 гъэм - процент 18,9-кIэ, 2022 гъэм - процент 31,5-кIэ, в 2023 гъэм - процент 34,2-кIэ, 2024 гъэм - процент 25-кIэ.

Дызэрыт илъэсым и бюджетым къыхалъытащ куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэр зиIэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 87,7-рэ зэрыхухахыр.

«ХущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» программэр 2024 гъэм ягъэзэщIэн папщIэ, федеральнэ бюджетым къыхагъэкIащ сом мелуан 243,2-рэ. Зыхуейр сом мелуан 411-рэ мэхъури, процент 59-м щощIэ.

«КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщыным сом мелуан 988-м щIигъу щIыналъэм хухихащ. Апхуэдэ дыдэу ари хущощIэ процент 46-кIэ (сом мелард 1,8-м щIигъу хуейщ). Абы и щхьэусыгъуэр зэпхар «лышх», «фошыгъу уз», «жьэн узыфэ» жыхуиIэхэмкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщ Iуэхутхьэбзэхэмзэрызрагъэубгъуарщ, къищынэмыщIауэ, лыпцIэналъэм епха узыфэхэр зиIэхэри хущхъуэ лъапIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхури 2022 гъэм щIыналъэ унафэщIхэм пщэрылъ зэрыщащIарщ.

- Мы Iуэхум ахъшэ хьарзынэ хухах, арщхьэкIэ абы хуэныкъуэхэр куэдщи, яхурикъуркъым, - къыхигъэщащ министрым.

Ар щхьэхуэу къытеувыIащ «Круг добра» псапащIэ фондым и лэжьыгъэм, лыпцIэналъэ узыфэхэр зиIэ сабийхэмрэ балигъхэмрэ хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщым.

Апхуэдэуи къэпсэлъам дыщIигъуащ лышх зиIэ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщым 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ хуэдитIкIэ зэрыхагъэхъуар.

Фошыгъу уз зиIэхэм ящыщу хуэгъэкIуатэкIэ хущхъуэ зыIэрыхьэхэм я бжыгъэри гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Апхуэдэхэр мы зэманым цIыху мин 18-м щIегъу, абы щыщу 384-р зи ныбжькIэ илъэс 18-м нэмысахэрщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2018 гъэм елъытауэ дызэрыт илъэсым хуэди 4,5-кIэ нэхъыбэщ республикэм фошыгъу уз зиIэхэм ящыщу хущхъуэхэм хуэныкъуэхэр.

Къалибатэм жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и пщэрылъкIэ, сабий псори хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщар. Гугъуехьхэм къыщытеувыIэм, апхуэдэ зыуэ абы къигъэлъэгъуащ усэхэм зэрыхэхъуэр.

Министрыр тепсэлъыхьащ хэкIыпIэхэми. Абы къыхигъэщащ гъэ къэс Iуэхум хухах ахъшэм зэрыхагъахъуэм и фIыгъэкIэ зэфIэкI хьарзынэхэр зэрызрагъэгъуэтар, Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы и лъэныкъуэкIэ КИФЩI-м зэрыщыпашэмрэ Урысей Федерацэм щынэхъыфI щIыналъэхэм зэращыщымрэ.

Егоровэ Татьянэ жиIащ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм щIэхщIэхыурэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм зэрыщытепсэлъыхьыр, абы епхауэ гугъуехь гуэрхэр иджыри зэрыщыIэр. Ар щIэупщIащ хущхъуэхэм текIуадэр зэрагъэув мардэр - 2024 гъэм сом 1211-рэ хъур - къызэрабж щIыкIэм, усэм елъытауэ ар щIэмащIэм. Министрым жиIащ федеральнэ жыпхъэкIэ ар зэраубзыхур икIи илъэсым зыбжанэрэ абы зихъуэжынкIэ зэрыхъунур. Апхуэдэуи дыщIигъуащ а мардэм, шэч хэмылъу, хагъэхъуэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщащ жьэн узыфэм пэщIэтынымкIэ сымаджэщым ахъшэ зэрыхухахым иджыблагъэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм зэрыщытепсэлъыхьар, мы зэманым абы и Iуэхур зыIутми щIэупщIащ. Къалибатэм жиIащ зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэраIэр, сымаджэхэр зэрагъашхэм текIуадэ ахъшэм зэрыхагъэхъуам абы щыIэхэр арэзы къызэрищIыр. Апхуэдэуи къэпсэлъам дыщIигъуащ жьэн узыфэм зэреIэзэ хущхъуэхэм мылъкушхуэ зэрытекIуадэр. Абы къыхэкIыу а Iуэхум хухах ахъшэр нэхъыбэ ящI, ауэ иджыри ирикъуркъым. Министрым къыхигъэщащ а гугъуехьым 2025 гъэм гулъытэ хэха зэрыхуащIынур.

Егоровэр къытеувыIащ куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэм зэрыпэщIэт хущхъуэхэр хуэгъэкIуатэ иIэу къыщрат аптекэхэм зэрыщамыгъуэтым теухуауи цIыхухэм депутатхэм зыкъыщахуагъази къызэрыхъур.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Хэкупсэхэр - Пэжым и телъхьэу» фракцэм и унафэщI **Кебеков Владимир** къыхилъхьащ фошыгъу уз зыпкърытхэм хущхъуэ етыным гулъытэ щхьэхуэ хуащIыну.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** къыхигъэщащ цIыху щхьэхуэхэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщымкIэ республикэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр. Абы жиIащ щIыналъэм и бюджет къэкIуэну илъэсищым тещIыхьам и проектым комитетыр щыхэплъэм, зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ хэлъхьапхъэу къызэрагъэлъэгъуар, абыхэм ящыщщ хущхъуэхэм хухах ахъшэр щагъэбелджылыкIэ, ахъшэм къыщIэкIыр процентi 4,5-кIэ гъэ къэс зэрехуэхыр, усэхэмрэ Iуэхутхьэбзэм хуэныкъуэхэмрэ зэрыхэхъуэр къэлъытэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьа Iуэхухэм тещIыхьауэ, КъБР-м и Парламентым унафэ къищтащ.

Хъыбар кIэщIхэр

ХадэхэкIыу тонн мин 23,5-рэ

Мэкъумэш мардэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым и хуабэщхэм (теплицэхэм) илъэс хъурейкIэ куэду къыщагъэкI фIагъ лъагэ зиIэ хадэхэкIхэр.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым къриубыдэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту хадэхэкIыу тонн мин 23,5-рэ хуабэщхэм къыщыщIачыну гугъэ щыIэщ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар процентi 2,5-кIэ нэхъыбэнущ.

Хабзэ зэрыхъуащи, ди щIыналъэм и хуабэщхэм нэхъыбэу къыщагъэкIыр бэдрэжанырщ. Абыхэм щызэщIакъуэж хадэхэкI псоми я процент 95-р абы къылъос.

Мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ящыщу «Агро-Ком»-мрэ «Шэджэм-Агро»-мрэщ хуабэщхэм къыщагъэкIа хадэхэкIхэмкIэ ди щIыналъэм щыпэрытыр.

Нартыхурэ сэхуранрэ ди куэдщ

«Известия» газетым зэритхымкIэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зегъэхьэзыр ди къэралым къыпэщIэт хамэ къэралхэм щагъэкIа сэхуранхэмрэ нартыхухэмрэ ди щIыналъэм кърашэныр щригъэгъэтыну.

АУЭ абы хиубыдэнукъым восковиднэкIэ зэджэ нартыху лIэужьыгъуэмрэ «олеин» дагъэр куэду зыхэт сэхуранымрэ. Псори зэгъусэу ди къэралым кърашэ нартыхумрэ сэхуранымрэ я куэдагъыр къэбгъэлъагъуэмэ, зи гугъу тщIа лIэужьыгъуэхэм къалъысыр куэд хъуркъым икIи нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм хуэдэу къэнэжынущ ахэр.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм апхуэдэ унафэ къыщIищтар ди къэралым нартыху, сэхуран лъэпкъыфIхэр къыщыгъэхъуным хуэгъэзауэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр дэIыгъынырщ, а IэнатIэм зегъэужьынырщ, цIыхухэм ерыскъыкIэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ.

Хъыбар зэрыщыIэмкIи, нартыху, сэхуран жылапхъэ гъэтIылъыгъэу щыIэмкIэ 2025 гъэм губгъуэ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу ирагъэкIуэкIыфынущ. Псалъэм папщIэ, нартыху жылапхъэр тонн мин 80, сэхураныр тонн мин 44-рэ мэхъу.

Къыхэдгъэщынщи, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм нартыху жылапхъэ нэхъыбэ яхуезыгъашэхэм, абыкIэ пэрытхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Илъэс къэс республикэм къыщагъэкI гибриднэ жыхуаIэ нартыху жылапхъэу тонн мин 15-м щIигъу. Абы щыщу ди щIыналъэр езыр зыхуэныкъуэр тонн мини 3,5-рэщ. Иужьрей илъэситхум къриубыдэуи нартыху жылапхъэу КъБР-м къыщагъэкIам тонн мини 3-кIэ е процент 25-кIэ хэхъуащ.

«Россельхознадзор»-м и щIыналъэ управленэм къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и нартыху жылапхъэхэр хурагъашэ Самарэ, Новгород Ищхъэрэ, Ульяновск, Пензэ, Томск, Омск, Смоленск, Рязань, Свердловск, Иркутск областхэм, Тэтэрстаным, Башкирием, Удмуртием, Мордовием, Алтай, Красноярск крайхэм, хамэ къэрал зыбжанэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Налшык и жыгхэр

ХьэцIыкIу Миланэ ятIагъуэ гъэжьам къыхищIыкI хьэкъущыкъухэр игъэдахэ къудейкъым, атIэ тхыдэ яIэн хуэдэу гупсысэ щхьэхуэхэр абыхэм яхелъхьэ. Иджыблагъэ IэпщIэлъапщIэм утыку кърихьа Iэгубжьэхэм «къытхуаIуатэ» Налшык къалэр «зэрыбауэ», зэрыпсэу гъащIэр.

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, мыбдеж щыпсэухэми зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэми ди къалащхьэр къалъытэ псэм зыщигъэпсэху, щхъуантIагъэкIэ къулей жыг хадэу. А гупсысэр иIэу, ХьэцIыкIум «Налшык и жыгхэр» зыфIища и лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэ хъуащ.

Щхъуэмчжыг, тхушэ (платан), кхъужьей, бзиихи, псей. Мы жыг лIэужьыгъуитхум я теплъэм къищынэмыщIа, уеблэмэ я «хьэл-щэни» шынакъхэм къытригъэщыну хъыджэбзыр хущIэкъуащ икIи, дызэреплъымкIэ, ар абы къехъулIащ. Миланэ къыддэгуэшащ Iуэхум зэрыщIидзам, зэрелэжьам, щIагъыбзэ ящIилъхьахэм ехьэлIауэ.

- «Платформа» IуэхущIапIэм и унафэщI Шыхъуэстэн Аксанэ Налшык теухуауэ лэжьыгъэ гуэр яхуэсщIыну зыкъыщысхуигъазэм, ди къалэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм сыт япэу гу зылъатэр жысIэу гупсысэн щIэздзэри, сигу къэкIыжащ жыг лIэужьыгъуэ куэд дыдэ дызэриIэм щхьэкIэ ар щхъуантIагъэм и лъахэу къызэралъытэр, - жеIэ ХьэцIыкIум. - Жыгхэм ятеухуа тхылъ сиIэти, абы итхэм сыкъеджэурэ сыдихьэхри, адэкIэ Налшык къалэм нэхъыбэу сыт хуэдэ жыг дэтми сыкIэлъыплъу сыхуежьащ. ЯтIагъуэ гъэжьам и техникэ Iэмалхэр апхуэдэу куэд хъуркъым, икIи сурэтым ещхьу абы зыгуэр тебдзэну гугъущ. Абы къыхэкIыу сэ тхыпхъэхэмрэ жыг тхьэмпэхэмрэ нэхъ тыншу, авангард теплъэ яIэу, зэрытесщIыхьыным сыхущIэкъуащ. Iэгубжьэ къэс сурэт щхьэхуэ иIэщ, къытригъэзэжыркъым. Апхуэдэу си гупсысэм зезгъэшэщIри, джэгукIэ гуэр хэту плъыфэхэри нэшэкъашэхэри къэзгъэсэбэпащ. Гу зэрылъыфтэщи, жыг къэс плъыфэ щхьэхуэ зырыз яхухэсхащ. Псейм, дауи, хуэкIуэнур щхъуантIэрт. Бзиихур гъэмахуэм дахэу мэгъагъэ, мэ гуакIуэ къыпехри, удзыфафэ сщIащ. Кхъужьыр гъуэжьщ, пэжкъэ?! Ар дыщафэ сщIащ. Щхъуэмчыр фIыцIафэу зэрыщытыр къэслъытэри, абы хужьрэ фIыцIэрэ естащ. Етхуанэу къыхэсхар тхушэрати, абы и зэхэлъыкIэр нэхъ гугъущ, итIанэ, сыкъызэреджамкIэ, ар пащтыхьхэм я жыгыу къалъытэ. Пащтыхьхэм я плъыфэр щыплъыжькIэ жысIэри, абы хухэсха Iэгубжьэхэм плъыжьымрэ фIыцIэмрэ щызэхэзухуэнащ. АдэкIэ жыгхэм я хьэл-щэнхэм сегупсысащ, зыр адрейм къызэрыщхьэщыкI гуэрхэр тхыпхъэхэмкIэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт. Псалъэм папщIэ, псеймрэ щхъуэмчымрэ я банэ цIыкIухэр къэзгъэсэбэпащ. Кхъужьми и кумылэр цIыхубз Iэпкълъэпкъым зэребгъэщхьыр, пхъэщхьэмыщхьэр зэгуэбгъэжмэ, шыкIэпшынэ теплъэ зэригъуэтыр - си нэгу къыщIыхьэ сурэтхэр «къэзгъэщIащ».

Дэтхэнэ жыгми Iэгубжьэ пщIырыпщI триухуащ Миланэ. Махуэ къэс къатщтэ хьэпшыпхэм апхуэдэ гупсысэ куухэр яIэу зэращIам дыщыгъуазэмэ, шэч хэмылъу, ар нэхъ дгъэлъэпIэнущ. «Шей ефэныр сыт хуэдэ лъэпкъми я щэнхабзэм хэтщ, мыхьэнэшхуэ ирату. Абы къыхэкIыу ди зэманым IэгубжьэкIэ зыгуэрым ухуэупсэныр хабзэ дахэ хъуащ. Тхыдэ гуэр зиIэ хьэкъущыкъу къэпщтэху, уи гум ар йохуэбылIэ, ущегъэгуфIыкI. Иджыпсту абы мыхьэнэшхуэ иIэу къысщохъу. Апхуэдэ хьэпшып яхуэхъуну сыщогугъ си лэжьыгъэхэр зыIэрыхьэхэм», - дыщIегъу Миланэ.

Шыхъуэстэн Аксанэ зэрыжиIамкIэ, Iэгубжьэ къэс ар зытеухуа жыгым и щхьэхуэныгъэ гуэрхэм ущигъэгъуазэу тхыгъэ кIэщI игъусэнущ, къэзыщэхуну хуейхэм ар щагъуэтынущ КъБР-м и илъэси 100-м и щIыхькIэ къызэIуаха зыгъэпсэхупIэм хэт Иджырей гъуазджэмкIэ унэм. «Мыпхуэдэ IуэхукIэ ди мурадыр зыгъэпсэхуакIуэхэм ауэ сытми хьэпшып дахэ цIыкIу къамыщэхуу, Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрейхэм къахэзыгъэщ теплъэхэмрэ гупсысэхэмрэ здредгъэхьынырщ, ягу дыкъызэринэжынырщ. Ди гугъэщ нэгъуэщI ди IэпщIэлъапщIэхэми сурэтыщIхэми мыпхуэдэ лэжьыгъэ ядедгъэкIуэкIыну», - жеIэ «Платформэм» и унафэщIым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэралым щыпсэу муслъымэнхэр зэкъуоувэ

КъБР-м и муслъымэнхэм я Iуэхущ IапIэм и жэрдэмкIэ, Ислъам щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондыр я дэIэпыкъуэгъуу, республикэм щэкIуэгъуэм и 12-м щекIуэкIащ «Урысейм и муслъымэн цIыхубэр зым тетыпхъэщ» урысейпсо щIэныгъэ конференц.

КАВКАЗ Ищхъэрэм, Мэзкуу, Санкт-Петербург, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къырым хытIыгуныкъуэмрэ Севастополрэ, Къалмыкъым, Ростов областым, Тэтэрстаным, Адыгейм, Башкортостаным, Къэрэшей-Шэрджэсым, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа дин, къэрал къулыкъущIэхэр, студентхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр хэтащ «Азимут» хьэщIэщым щызэхаубла конференцым. Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ муслъымэн университетым и егъэджакIуэ Сэбаншы Мухьэдин КъурIэн лъапIэм щыщ Iэятхэм къеджа нэужь, псалъэ иратащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я Iуэхущ IапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий. Муфтийм къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ конференцым и лэжьыгъэр ислъам диным теухуауэ тхэ СМИ-хэмрэ муслъымэн журналистхэмрэ зэбгратыкI хъыбархэм зэратеухуар, псори зэакъылэгъуу зэрызэдэлэжьапхъэм, зы Iуэху еплъыкIэм дытетыным дызэрыхущIэкъупхъэм и гугъу ищIащ.

«Нобэ ди къэралыр зэрыт щытыкIэмрэ абы къращIылIэ информацэ зауэмрэ ятепщIыхьмэ, журналистхэр зауэм и гуащIапIэм хэту аращ, - жиIащ Хьэзрэталийхьэжы. - Къэралым и бийхэм яIэр зы плъапIэщ: Урысейр зэкъуагъэхуу, абы щыпсэу лъэпкъхэмрэ абыхэм зэрахьэ динхэмрэ зэпэщIагъэувэу, цIыхур фIеягъэм хуашэнырщ. Нобэ къызэхуэтшэсар зи жыIэ пхызыгъэкIыф IэщIагъэлIхэрщ, ар ислъам журналист ирехъу, къэрал СМИ-хэрауэ щрет. Дэ псоми ди къарухэр зэдгъэуIуу, ТекIуэныгъэмрэ захуагъэмрэ гъунэгъу къэзыщIын Iуэхухэр зэфIэдгъэкIын хуейуэ аращ».

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и фIэхъуссэламыр конференцым хэтхэм къахуихьащ абы и дэIэпыкъуэгъу Валиев Айдамир. Зэхуэсым и мурадхэр къехъулIэну къехъуэхъукIэрэ, абыи муфтийм и псалъэхэр диIыгъащ, диныр мыхъумыщIагъэкIэ къэзыгъэщхьэпэну хэтхэм зэкъуэту япэщIэувэн зэрыхуейр жиIащ.

И псалъэр хъыбар щIыкIэу иришэжьащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проекткхэмкIэ и министр КIурашын Анзор. «УкъимыгъэуIэбжьу къанэркъым дунейпсо СМИ-хэм, зэгурыIуам ещхьу, муслъымэнхэм ятеухуауэ мыпэж куэд утыкум къызэрырахьэм. Щапхъэу пхурикъунщ иджыблагъэ Амстердам щызэпэщIэува гупитIым ятеухуауэ ятхар. Псоми муслъымэнхэр ягъэкъуаншэрт, ауэ щыхъукIэ, журт-къызэщIэгъэстакIуэхэм ятеухуауэ зы Iей ятхыртэкъым. Урысейм щыщ журналистхэрщ пэжыр къыщIэзыгъэщар. Абы къыхэкIыу, ислъам СМИ-хэр зэкъуэувэн хуейщ, япэрауэ, нэхъ лъэщ икIи къаруфIэ хъун хуэдэу. ЕтIуанэрауэ, хъыбар нэпцI зэбгрызыгуэшыкIхэм псынщIагъкIэ къакIэрыху хъунукъым, сыту жыпIэмэ, цIыхухэм я фIэщ хъур япэу зэхахырщ».

«Кавказми Къэбэрдей-Балъкъэрми ижь-ижьыжкIэ къадекIуэкI хабзэхэм дытемыкIмэ, дыщыуэнукъым», - а гупсысэр и тегъэщIапIэт КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амур.

Сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэт Къалмыкъ Республикэм и Муслъымэнхэм я Iуэхущ IапIэм и унафэщI Каралаев СулътIанахьмэд и къэпсэлъэныгъэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкIуэну тфIэфIщ, ди къуэш Дзасэжь Хьэзрэталий хуэдэу гугъэзагъэу муслъымэн Iуэхухэр зэфIэзых гъуэтыгъуейщ. Ар республикэм и унафэщIхэр акъылэгъу къазэрыдэхъум и фIыгъэщ, пщIэ зыхуэтщI КIурашын Анзор и псалъэхэр абы и щыхьэтщ. Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысейм щапхъэу щыбгъэув хъуну Iуэху зехьэкIэ щыдолъагъу КъБР-м, муслъымэнхэм я гукъеуэхэр зэфIэхын и лъэныкъуэкIэ. СМИ-хэм папщIэ «ЕплIанэ власть» жаIэ куэд щIауэ. Сэ гупыж сощI ислъамым нэхъ гунэсу тепсэлъыхь журналистхэр саугъэткIэ къыхэдгъэщыныр хабзэу къэтщтэну».

А гупсысэ дыдэм зригъэубгъуащ Ставрополь крайм и муфтий Рахимов Мухьэмэд: «Дэ КъБР-м щыпсэу ди къуэшхэм дадоплъей, абыхэм куэд къабгъэдыдох. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ интернет блогерхэм я напэкIуэцIIхэм цIыхухэр нэхъ дехьэх. Къэрал СМИ-хэм елъытауэ, абыхэм я IэщIэдзхэр нэхъыбэщ. Диныр пхэнжу къызыгурыIуэхэм ди щIалэгъуалэр щедгъэгъэуэ хъунукъым, абыхэм датекIуэн хуейщ. Нобэрей цIыхур зэхих къомым хэмыгъуэщыхьынкIэ Iэмал иIэкъым, аращи, ислъам журналистхэм къатохуэ гупсысэ пэжым техьэнымкIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуну».

КъБР-м фIыуэ щацIыху икIи щалъагъу иджыблагъэ КъШР-м и муфтийуэ ягъэува Эркенов Мухьэмэд. «Нобэ дызытепсэлъыхь Iуэхур дэтхэнэ зыми ди пщэ дэлъщ, - жиIащ абы. - Дызытет дунейм хъыбарыщIэм мыхьэнэшхуэ дыдэ щиIэщ, аращи, мыпхуэдэ къалэнхэр дгъэзэщIапхъэщ. Япэрауэ, ди макъхэр зэхахын хуейщ, етIуанэрауэ, дэ дгъэлъапIэхэм я купщIэр къагурыIуэн хуейщ. Ещанэрауэ, видеохэр, лекцэхэр, статьяхэр ттхын хуейщ, ди Iуэху еплъыкIэр щыпхыдгъэкIыу. ЕплIанэрауэ, ислъамым телажьэ къудамэ псори дызэкъуэувэу, дызэрызэакъылэгъур, псори зым дызэрытетыр къэдгъэнэIуэн хуейщ. А мурадыр къыдэхъулIэн папщIэ, къаруушхуэ зыщIэлъ хъыбар зэIэпыхыпIэ лъэщ зэдмыгъэпэщу хъунукъым Урысейм щыпсэу муслъымэнхэм. Си щхьэкIэ комитет щхьэхуэ зэзгъэпэщащ, цIыхубэм япыщIауэ лэжьэну, цIыхуитху хэту. Дызэгъусэу фIэкIа зыри тхузэфIэкIынукъым».

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и муфтийм и сэламымкIэ и псалъэр иришэжьащ абы и къуэдзэ Аршиев Батраз. ИпэкIэ къэпсэлъахэм жаIар ядиIыгъыу, абыи къыхигъэщащ муслъымэн къулыкъущIэ псори зэкъуэувэу я мурадхэр зрагъэхъулIэну зэрыфIэкъабылыр, сыту жыпIэмэ, Iуэху еплъыкIэхэр зэрызэтемыхуэр диным и жагъуэгъухэм къагъэсэбэп.

КъБР-Медиа Iуэхущ IапIэм къыбгъэдэкIыу, конференцым и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч.

«КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я унафэ зэрыщIэтым къыхэкIыу, ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ дин псоми тэмакъкIыхьу яхущыт ди къэралымрэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ ислъам диным тет ди цIыхубэмрэ я зэхуакум лъэмыж папщIэу дэтщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сэ сыщылажьэ «Адыгэ псалъэ» газетым япэ дыдэ адыгэ тхыбзэм тету зэрадзэкIа КъурIэн лъапIэр зэрыщыту къытрадзауэ щытащ. ПщIэ зыхуэтщIхэу Нало Заур, Хъуажь Мухьэмэд-Хъер, Болий Мустэфар сымэ я Iэдакъэ къыщIэкIауэ щытащ ар, зым хьэрыпыбзэм кърихыу, адрейм ар адыгэбзэм хуигъакIуэу, ещанэм къищыпу. 90 гъэхэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым ди газетым мазэ къэс къыдегъэкI «газетым ит газет» жыпхъэм ит «Ислъамым и нур» къыдэкIыгъуэри. А напэкIуэцIым къытохуэ КъБР-м и Муслъымэн IуэхущIапIэм зэфIигъэкI лэжьыгъэхэр, уеблэмэ абы и адыгэбзэ къудамэу дыкъэплъытэ хъунущ. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я нэхъыбэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ тетщ ислъам диным, абы и тегъэщIапIэхэр щэнхабзэми, дуней тетыкIэми, гупсысэкIэми зыщIифащ. Аращ ди тхыгъэхэм щIэхщIэхыу тхыдэм, IуэрыIуатэм, блэкIа зэманым псэуа цIыхухэм я хъыбархэр къыщIыхэдгъэхьэр. Зы муслъымэн махуэшхуэ къанэркъым ди газетым и напэкIуэцIхэм дыщытемыпсэлъыхьыжу, ар Къурмэн е НэщIыкIыж ирехъу. Къуажэхэм щыIэ муслъымэн IуэхущIапIэхэм ди газетыр традзамэ, а псоми щыгъуазэ защIыфынут».

Жыласэр тепсэлъыхьащ телевиденэми радиоми ислъамым теухуа нэтынхэр зэраIэм икIи къыхигъэщащ КъБР-м и СМИ-хэр республикэм щызэрахьэ, къэралыр гуапэу зыхущыт динхэм дяпэкIи зэрызыщIагъэкъуэнур, а гъуэгум къызэрытемыкIынур.

Къырымымрэ Севастополрэ щыпсэу муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ, муфтийм и къуэдзэ Исламов Мухьэмэд къыщыпсалъэм жиIащ: «Си къулыкъумкIэ къыстехуэ къалэнхэм язщ хамэ щIыпIэхэм къикIахэм сазэрыдэлажьэр. Ди деж куэдрэ нокIуалIэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щIалэхэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, ахэр адыгэ, балъкъэр, тырку ирехъу. Я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр ди деж щрахьэкIри, аргуэру зауэ IэнатIэм ягъэзэж. Абы ипкъ иткIэ, дэ нобэ япэм «политрук» жыхуаIэу щытахэм дарещхьу къызолъытэ. Иджыпсту диным теухуауэ сайт 15 къызэIупхмэ, пэж жызыIэу зы закъуэ къахэкIынуми аращ. СМИ-м и лэжьакIуэхэр къыхуезджэну сыхуейт пэж фIэкIа ямытхыну. Сэ тхыдэм сыхуеджащи, абы и мыхьэнэр къызгуроIуэ. Телеграм канал пхэнж куэд щыIэщ, ди сабийхэм я щхьэм кърал хьэ гупсысэхэм дакIэлъывгъэплъ икIи дахуэвгъэсакъ».

Адыгэ фащэ щыгъыу утыкум къихьащ Адыгейм и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу, Iимам Хъущт Мурат. Адрейхэм жаIар ядиIыгъкIэрэ, абы нэхъ къыхигъэщащ Эркенов Мухьэмэд ищIа гупыжыр: Урысейм и муслъымэн псори зэкъуэзыгъэувэ зы хъыбар зэIэпыхыпIэ зэрагъэпэщыныр зэрыфIэигъуэр.

Конференцым къыщыпсэлъахэм къахэгъэщыпхъэщ Тэтэрстаным и муфтийм и къуэдзэ, «Хузур» медиахолдингым и лэжьэкIэм убгъуауэ тепсэлъыхьа Хамидулин Ришат. Тхылъ тедзапIэ хуэдэу лэжьэн щIэзыдза IуэхущIапIэм зиубгъури, иджы журналист къалэнхэри тхылъ къыдэгъэкIынри яхузэфIэкIыу хъуащ. Ришат зэрыжиIэмкIэ, медиахолдингым Тэтэрстаным мыдрисэуэ итыр еджакIуэ тхылъкIэ къызэрегъэпэщ, тхылъыжьхэр къыдагъэкIыж. «Иджыпсту Урысейм муслъымэн IуэхущIапIэу 100-м щIигъу ит къыщIэкIынщ. Ауэ я лэжьыгъэхэр зэрызэмыIум къыхэкIыу, Крыловым и «Къыур, хьэбдзэжьейр, елыркъэшыр» шыпсэм зэрыхэтам ещхьу, щхьэж зыхуеймкIэ еунэтI. Ауэ щыхъукIэ, дызэгурымыIуэмэ, ди зэхуакум къыдыхьэнухэр гъунэжщ. Нобэ Урысейм дин щызетхьэну Iэмал псори диIэщ. ЩIэрыщIэу лъакъуэрыгъажэ къэгупсысын хуейкъым, ар щыIэщ, дызэчэнджэщын, дызэдэIэпыкъун хуейуэ аркъудейщ. «Хузур» IуэхущIапIэм къудамэ щхьэхуэ иIэщ Урысейм и дин щIэиныр хъумэным хуэунэтIауэ. А унэтIыныгъэм епхауэ том 2000-м нэс къыдэдгъэкIащ. ИлъэсиплIым и кIуэцIкIэ фIэщыгъэ 354-м нэс зиIэ тхылъ дгъэхьэзыращ урысыбзэкIэ, тэтэрыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ. КъурIэныр пэжу къыбгурызыгъаIуэ зэдзэкIыгъэхэр дощI. Иджыпсту гуп щхьэхуэхэр щыIэщ, дин тхылъхэр пхэнжу зэрадзэкIыу, муслъымэнхэм Iэщэ кърагъэщтэну хуейуэ. Абыхэм дэ дапэщIэмыувэу хъунукъым. Интернетым уихьэрэ абы щызэIэпах «хъутIбэхэм» уедаIуэмэ, щIалэгъуалэр къагъэпцIэну, щагъэуэну зэрыхуейр уолъагъу. Ар ди щхьэусыгъуэу дэ «Онлайн-мыдрисэ» къыздгъэпэщащ, диным епха упщIэ псоми жэуап къыщрату, зэбгъэщIапхъэхэм ущрагъасэу. «Хузур» IуэхущIапIэм и каналым Урысейм щыщу щIыналъэ 14 къызэщIеубыдэ».

Дагъыстэным и муфтийм и сэлам къызэхуэсахэм къахуихьащ Хасавюрт къалэм и дин IуэхущIапIэм къикIа, шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор Магомедов Магомед. Абы къиIуэтэжащ илъэситIкIэ «Исламдаг.ру» интернет хэщIапIэм зэрыщылэжьам и хъыбар. «Адрейхэм япэ Iуэхур зыIутыр утыку къидмыхьэмэ, цIыхум зыгуэр и фIэщ хъуа иужькIэ, нэгъуэщI еплъыкIэм тепшэжыну гугъущ», - жиIащ Магомедовым.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советымрэ Шэшэн Республикэм и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэмрэ я унафэщI Межиев Сэлахь. «Щапхъэу ди республикэр къэсщтэнщи, ди япэ президент Кадыров Ахъмэт ткIийуэ япэщIэувэри, Шэшэным иригъэкъэбзыкIауэ щытащ а шейтIаным и пыхъуэпышэхэр. Алыхьым и фIыгъуэр здэщыIэр зэкъуэтыныгъэрщ. Зэкъуэтыныгъэр къэзышэр щIэныгъэрщ. Пэжым тетын хуейуэ аращ, нэгъуэщI зыми дыхуэныкъуэкъым». Межиевыр, КъурIэн лъапIэмрэ хьэдисхэмрэ и тегъэщIапIэу, хъыбар пэжкIэ пцIым пэщIэувэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ. «Кумбыгъэ нэщIым псы къабзэ идгъэхъуэн хуейщ, - жиIащ абы. - Кумбыгъэр ди щIалэгъуалэрщ. Дэ абыхэм ягухэм псы къабзэ идмыгъахъуэмэ, псы фIей изыкIэну пабгъэхэр гъунэжщ».

Конференцыр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим. КупщIафIэу щыта зэхуэсым къыщащтащ «Урысейм и муслъымэн цIыхубэр зым тетыпхъэщ» зыфIаща декларацэ. Абы къыхуреджэ СМИ-хэр мы хабзэхэм тетын хуейуэ:

- Урысейм и СМИ псори къэралым къыщалъытэ псэкупсэ лъапIэныгъэхэм я уасэр къэIэтыжыным хуэунэтIын.

- УФ-м лъэпкърэ динкIэ зэхэгъэж зэримыщIыр тхыгъэхэм къыхэгъэщын.

- ЩIалэгъуалэр псэкупсэу къэтэджыным лэжьыгъэр хуэунэтIын.

- Ислъамым и тегъэщIапIэ пэжхэр къэзыгъэтIэсхъэну хэт псоми ткIийуэ япэщIэтын.

Конференцым къыщапсэлъами абы къыщащта унафэхэми я мыхьэнэр къызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, зыщ: ди къэралым щыпсэу муслъымэнхэр гуитIщхьитI зыщIыну хэт хъыбарегъащIэ нэпцIхэм IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэзыщIыкIхэр пэщIэувэн хуейщ. ЗэрыпэщIэувапхъэр щIэныгъэщ, щхьэж езым игъэлъагъуэ гъэсэныгъэ дахэрщ, фIэщхъуныгъэ куурщ, Iуэху зэфIэхыкIэрщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр

● Жэрдэм

ЩэкIуэгъуэм и 16-м щыщIэдзауэ «Родная игрушка» урысейпсо зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIхэм зыкъагъэлъагъуэ хъунущ. Iуэхур къызэрагъэпэщащ «Знание», «Движение первых» урысей зэгухьэныгъэхэм. Урысейм щыщу зэрыджэгу хьэпшыпхэр къыщIэзыгъэкIхэм я хьэрычэт Iуэхур ядэIыгъыным, нэхъыщхьэжращи, щIэблэм къэралым къыщыщIагъэкIа зэрыджэгу хьэпшыпхэр яIэным, дихьэхыным хухэха зэпеуэм ирагъэхь лэжьыгъэхэр къапщытэнущ 2025 гъэм и фокIадэ мазэм пщIондэ. НэхъыфIу 25-м нэблагъэ къыхахынущи, ахэр куэду къыщIагъэкIыныр зэтраублэнущ.

УРЫСЕЙ къэрал сабий библиотекэм щекIуэкIащ зэпеуэр къызэгъэпэщыным теухуа зэIущIэ. Ар къыщызэIуихым, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и унафэщI Кириенкэ Сергей къыхигъэщащ зэпеуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, сыту жыпIэмэ, къэралым гулъытэ хуещI сабийхэм я джэгукIэм, зэрыджэгу хьэпшыпхэм. Ахэр Урысейм щащIмэ, къэралым щыIэ щэнхабзэм, щыIэкIэ-псэукIэм щIэблэр нэхъ есэнущ. Къэпсэлъам гу лъитащ мы Iуэхугъуэм: Урысейм нэхъыбэ дыдэу щащэ зэрыджэгу хьэпшыпу 30 ягъэбелджылащи, абы къэрал кIуэцIым къыщыщIагъэкI яхэткъым.

- «Родная игрушка» проектыр егъэлеяуэ зэрыщхьэпэм щыхьэт тохъуэ ди Президент Путин Владимир а Iуэхум гулъытэ хэха зэрыхуищIым. Мыпхуэдэ гупсысэ щыIэщ: «Уи бийм утекIуэну ухуеймэ, и щIэблэр гъасэ», жиIэу. АтIэ дэ ди сабийхэр нэгъуэщIхэм ягъэсэным арэзы дытехъуэ хъунукъым. Зэрыджэгу хьэпшыпым епха мы зэпеуэри Iуэху къызэрыгуэкI гуэр хуэдэу къыпщыхъункIэ хъунщ зэ еплъыгъуэкIэ. Ауэ щыхъукIэ, мыр къызэзыгъэпэщхэм зыхуагъэувыжащ къалэнышхуэ - урысейпсо зэпеуэр ирагъэкIуэкIыу нэхъыфIхэр къыхахкIэ, ахэр зи IэрыкIхэм тыгъэ гуэрхэр хуащIкIэ зэфIэкIынукъым, атIэ а хьэпшыпхэр къыщIагъэкIыу зэтраублэнущ, Урысейм и сабий псоми яIэрыхьэфын хуэдэу, - жиIащ Кириенкэм.

Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Президентым и чэнджэщэгъу Ямпольская Еленэ тепсэлъыхьащ дуней къэзыухъуреихьыр зэригъэцIыхун папщIэ сабийм деж кIэ абы IэщIэлъ зэрыджэгу хьэпшыпым куэд зэрелъытам. Къыхигъэщащ джэгукIэхэм сабийр зэрагъасэр.

- Хэкур къыщыщедзэ Iуэхугъуэ, хьэпшып куэдым я деж. Дауи, абыхэм яхэтщ зэрыджэгу хьэпшыпхэри. Ахэр къэбгъэсэбэпурэ сабийм и зэхэщIыкIыр бунэтIыфынущ. Апхуэдэу щыхъукIэ, дэ зэдгъэпэщыпхъэщ лъэпкъ зэрыджэгу хьэпшыпхэр, ахэр ди сабийхэм фIыуэ едгъэлъагъун хуейщ, - жиIащ абы.

«Движение первых» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и IуэхущIапIэм и унафэщI Орлов Артур тепсэлъыхьащ сабийр зыгъасэ, зезыгъэужь джэгукIэхэм.

- Ди зэгухьэныгъэм и нэIэ тригъэтщ курыт еджапIэхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми щыIэ гъэсэныгъэ Iэмалхэм. Абы къыхэкIыу, дэ мыхьэнэшхуэ идот мы зэпеуэм, дыпэплъэнущ абы кърикIуэнум. «Движение первых» зэгухьэныгъэм стIолыщхьэм узэрыщыджэгу хьэпшыпхэр къыщIэгъэкIыным и пIалъэр ещIэ. Дэ зэхэдгъэуващ Урысейм и тхыдэм, и щэнхабзэм, гъуэгум шынагъуэншэу ущызекIуэным, IэщIагъэ къыхэхыным теухуа стIолыщхьэ джэгукIэхэр икIи ахэр зэбгрыдогъэкI. Апхуэдэ джэгукIэхэр щызэхэдгъэувэкIэ, лэжьыгъэм къыхыдошэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. Ди лэжьыгъэр дгъэунэхуу сабийхэр догъэджэгу, зэрыдихьэхым, зэрахуэгъэIэкIуэлъакIуэм дыкIэлъоплъ. Абы теухуауэ диIэ щIэныгъэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ сэбэп къытхуэхъуну си гугъэщ «Родная игрушка» зэпеуэм кърагъэхь хьэпшыпхэр къыщытпщытэкIэ, - къыхигъэщащ Орловым.

ЗэIущIэм хэтащ ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ УФ-м и министр Фальков Валерий. Абы къыхигъэщащ къэралым и университет нэхъыфIхэм я лэжьакIуэхэм зэрыджэгу хьэпшыпхэр гъэсэныгъэм, цIыкIухэм я зэхэщIэм зэрыхуэщIам, абыхэм ириджэгукIэрэ я псантхуэхэм сэбэп зэрыхуэхъунум елъытакIэ къызэрапщытэнур.

«Интернетым зегъэужьынымкIэ институт» IуэхущIапIэм и унафэщI Гореславский Алексей къыхигъэщащ ди зэманым сабийхэм интернетыр щIэхыу къызэрагъэIэрыхуэр. Абы къыхэкIыу, сабийр тригъэзу къудей мыхъуу, зезыгъэужь, гупсысэу езыгъасэ проектхэр нэхъыбэу гъэхьэзырын хуейуэ жиIащ. Апхуэдэ интернет проектхэми сэбэп щыхъунущ зэпеуэм кърагъэхь лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ агентствэм и унафэщI Гуров Григорий жиIащ зэрыджэгу хьэпшыпхэр дохутырхэм, зауэлIхэм, волонтёрхэм, нэгъуэщIхэми тращIыкIауэ кърагъэхь-мэ, зэрыщыгуфIыкIынур. Сыту жыпIэмэ, ар сабийхэм щапхъэ дахэ яхуэхъунущ.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэ щыжаIащ «Знание» зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщI Древаль Максим, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бугаев Александр, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Алексеевэ Жаннэ сымэ.

Зэпеуэм я лэжьыгъэр къыщагъэлъэгъуэну Iэмал яIэщ зэрыджэгу хьэпшып къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэми, творческэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэми, апхуэдэ хьэпшыпхэр зыщIхэми. Абы хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 14-м щхьэдэха дэтхэнэри. Зэпеуэр лIэужьыгъуитхуу гуэшащ: «Образ зиIэ зэрыджэгу хьэпшып нэхъыфI», «СтIолыщхьэ джэгукIэ», «Техникэ, технологие зэрыджэгу хьэпшып», «Конструкторхэмрэ зэпкърыплъхьэ хъу моделхэмрэ», «Мультимедийнэ проект». Зэпеуэм и япэ Iыхьэм лIэужьыгъуэ къэс проект 45-рэ къыщыхахынущ. АдэкIэ ахэр зэпеуэм и унафэщIхэм я нэIэ щIэту ирагъэфIэкIуэнущ. Мыхьэнэ иратынущ ахэр къызыхащIыкIынуми теплъэми. ЛIэужьыгъуэ къэс лэжьыгъэ 15 къыхахынущи, зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм хэтынущ. Абыхэм лэжьыгъэ нэхъыфIу тхурытху къыхахыжынущ. 2025 гъэм фокIадэм зэпеуэр зэхуащIыжынущ сабий джэгукIэхэм я фестивалышхуэкIэ.

Зыгъэхьэзырар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Дыдейхэр утыку къиднэркъым

Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм щекIуэкIащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеранхэмрэ шахматымкIэ я зэхьэзэхуэ, къитащ иджыблагъэ «ВоИн» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пресс-IуэхущIапIэм.

ЗАУЭ зэпэщIэувэныгъэхэмрэ дзэ Iуэху хэхамрэ хэкIуэда ди лъахэгъухэм я фэеплъу щытащ иджырей зэпеуэр. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щыIэ ветеран зэгухьэныгъэхэм.

«2024 гъэм шыщхьэуIум щегъэжьауэ «ВоИн»-м и щIыналъэ къудамэу республикэм щыIэм «Дыдейхэр утыку къиднэркъым» фIэщыгъэр зэрихьэу социальнэ пэхуэщIэ егъэзащIэ, КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэм кърита субсидиемкIэ. Зэхьэзэхуэри абы ипкъ иткIэ екIуэкIащ», - щыжаIащ щIыпIэ «ВоИн»-м.

Зэпеуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, япэ увыпIэр иратащ Бырсекъуэ Борис, етIуанэ хъуащ ГъукIапщэ Юрэ, ещанэр Къалмыкъ Русланщ. ЩIалищри Шэджэм щIыналъэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абыхэм иратащ медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр. Апхуэдэуи, саугъэт щхьэхуэ иратащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ, и ныбжькIэ псом нэхърэ нэхъ щIалэу зэпеуэм хэта Шинкарев Бронислав.

ТекIуахэм саугъэтхэр иратащ Нартан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI КIагуэ Валерэрэ КъБР-м и «ВоИн»-м и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимуррэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● УФСБ-м къет

Сом мелуани 2,4-рэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ «Дорстрой» ООО-м и унафэщIу щытар «Демография» лъэпкъ проектыр пхыгъэкIыным хухаха бюджет мылъкур зыдыгъуахэм зэращыщыр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, абы игъэхьэзыращ Дзэлыкъуэ районым и щIыналъэм спорт ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зэфIаха хуэдэ лэжьыгъэхэм я акт нэпцIхэр. Абы къррикIуащ сом мелуани 2,4-рэ хэщIыныгъэ.

КъБР-м и Дзэлыкъуэ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Бакъ Б. Т. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ, 4-нэ Iыхьэхэм япкъ иткIэ. Абы ямыгъэтIысу илъэсищ тралъхьащи зыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтахэр ныбжьыщIэхэм яIущIащ

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» щIыналъэ фондым къызэригъэпэщри, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и студентхэр яIущIащ Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэху хэхам хэтахэм. Колледжым еблэгъащ Мэзло Заурбэч, ПщыхьэщIэ Ахьмэд, Джылахъстэн Аслъэн, Бозиев Магомед сымэ. Абыхэм щIалэгъуалэм щагъэгъуэзащ фронт хъыбархэм, езыхэр псэзэпылъхьэпIэхэм къызэрикIа Iэмалхэм.

МЭЗЛО Заурбэч тепсэлъыхьащ гуп зэкъуэтыр гугъуехьхэм нэхъ зэрыпхыкIыфым, зызэщIэбгъэкъуэныр цIыху щэн дахэу икIи дзэм къыщысэбэп Iэмал нэхъыщхьэу зэрыщытым.

- ЦIыхугъэр пфIэкIуэд хъунукъым, гъащIэм сыт хуэдэ щытыкIэ уримыгъэувэми. Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я гур хохъуэ Хэкум, унагъуэм, ныбжьэгъуфIхэм ятеухуа хъыбарыфIхэр щызэхахкIэ, - къыхигъэщащ абы.

- Дзэ Iуэхум теухуа щIэныгъэр фэркIэ зэранкъым. Сыту жыпIэмэ, куэдкIэ фэлъытащ ди къэралым и къэкIуэнур, - аращ гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъар Бозиев Магомед ныбжьыщIэхэм яжриIам.

ПщыхьэщIэ Ахьмэд игу къигъэкIыжащ езыри къулыкъу къыдэзыщIэхэри зыхэта гугъуехьхэмрэ псэзэпылъхьэпIэхэмрэ щыщ гуэрхэр. Езыхэм я щхьэ крикIуахэр щапхъэу къихьурэ, жиIащ апхуэдэхэм деж уи гур бгъэбыдэн зэрыхуейр, шынэр зытебгъакIуэ зэрымыхъунур.

Джылахъстэн Аслъэн къытеувыIащ Хэку лъагъуныгъэм, дзэм къыдыхэтхэм ятеухуа жэуаплыныгъэ абы щыIэ дэтхэнэми зэрызыхищIэм.

Студентхэр зауэлI хъыбархэм едэIуащ, упщIэхэр иратащ, я чэнджэщхэм папщIэ фIыщIэ хуащIащ.

МАФIЭДЗ Данэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Мовсисян Грант Олег и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэпсэлъэныгъэхэм хуэхьэзырщ

Кремлым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, ФРГ-м и канцлер Олаф Шольцрэ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ телефонкIэ зэпсэлъащ. Апхуэдэ жэрдэмыр къыбгъэдэкIащ Германием. Иужьрейуэ лIыщхьэхэр щызэпсэлъауэ щытар 2022 гъэм и дыгъэгъазэ мазэрщ. ФРГ-м и правительствэм и унафэщIырщ къуэхьэпIэ къэралхэм я лIыщхьэхэм ящыщу илъэситIым къриубыдэу япэу Урысейм зыкъыпызыщIар.

ПУТИН Владимиррэ Олаф Шольцрэ Украинэм щыIэ щытыкIэм теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ. Урысейм и Президентым жиIащ украинэ зэныкъуэкъур политико-дипломатие Iэмал-кIэзэфIэхыным сытым и дежи и телъхьэу зэрыщытыр икIи мы гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министерствэм къыщыхалъхьауэ щыта жэрдэмыр и лъабжьэу зэпсэлъэныгъэхэр иригъэкIуэкIыным зэрыхуэхьэзырыр.

«КъэралитIым яку къыдэхъуа щытыкIэр ди къэралым къыхуэгъэзауэ НАТО-м илъэс куэд щIауэ иригъэкIуэкI политикэ гужьгъэжьым и Iэужьщ, - жиIащ къэралым и УнафэщIым. - Москва хьэзырщ Украинэм и унафэкIэ къызэпаудауэ щыта зэпсэлъэныгъэхэм пищэжыну, ауэ Киев иращIылIэну мамыр зэгурыIуэныгъэм къыхалъытэн хуейщ Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ абы къыхагъэхьэжа щIыналъэщIэхэмрэ я щыIэныгъэр».

Щэкlуэгъуэм и 19, *гъубж*

♦**Гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**
♦**ЦIыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**
♦**1941 гъэм** Налшык къалэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.
♦**1942 гъэм** советыдзэхэр Сталинград деж щебгъэрыкIуэу хуежьащ, къалэр хуит къэщIыжыным хуэунэтIа зауэшхуэм щIидзащ. Ар екIуэкIащ 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ.
♦**1985 гъэм** къалъхуащ дуней псом IэпщэрыбанЭ спорт лIэужьыгъуэмкIэ и чемпион **ХьэкIырэ Атмир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 20, *бэрэжьей*

♦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**
♦**Сабий дохутырым и дунейпсо махуэщ**
♦**1942 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ**.
♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и адыгэ къудамэм и унафэщIу щыта **ЩакIуэ Мусалий**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мерэтыкъуэ Хьисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псым и жапIэр езым къегъуэтыж.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ**

Псалъэжьхэм я мыхьэнэр

Абы жиIам и дзэ удэмыплъэж (ЖиIар уи фIэщ пщIы хъунущ, жыхуиIэщ).

Ажалыр зыщ, ар тIущ (Жагъуэ дыдэу ялъагъум хужаIэ).

Анэ дэкIуэрэ лIы дэкIуасэрэ (ТIуми емыкIу пылъкъым, жыхуиIэщ).

Арыкъ сабынкIэ тхьэщIи къабзэ пхуэщIыжынкъым (ЩIэпхъаджэ куэд зыщIа цIыхум хужаIэ).

Бгъур иукIыу епщIанэр кIэсу къихьа хуэдэщ (Зыкъызыфlэщlыжым хужаlэ).

Быдзышэр хьэкхъуафэм иралIэркъым (Быдзышэм нэмыс иIэн хуейщ, жыхуиIэщ).

Гъэми щIыми зи павэжь (Зи ныбжьым емыкIуу щIалагъэ зыхэлъым хужаIэ).

Ди гъунэгъум я джэдыр къаз хуэдэщ (Нэпсейм, фыгъуэнэдым ауаныщIу хужаIэ).

Дунейр бжьакъуэпэкIэ зэредзэ (Гужьгъэжь куэд зыкIуэцIылъым щхьэкIэ жаIэ).

Зи шыкIэр къурыкъуу зи къэрар мащIэ (Къэрар - быдагъэ, фIэщхъуныгъэ. Зи къэрар мащIэ - зи псалъэ фIэщ хъугъуей, псалъэ быдэ зимыIэ, жыхуиIэщ).

Зэкъуэшит! зэкъуэщтыжыркъым (Зэкъуэщтыжыркъым - щтэуэ зыр зым хыфIидзэркъым).

И уанэ трилъхьэмэ, игу ирилъхьэжащ (Щхьэ закъуэу, бынунэ зимыIэу псэум хужаIэ).

Къэзылъхуар мэупIэри, зымыпIам хуолажьэ (Хъыджэбзыр зыщалъхуа унагъуэм йокIри, зыдэкIуам яхуолажьэ, жыхуиIэщ).

Пащтыхьым и щхьэхынэщ (Щхьэхынэ Iейм хужаIэ).

Псым икI пэтрэ я кIэ зэнтIэIуащ (Iыхьлыгъэ зэхуаIэкъым, жыхуиIэщ).

Пхъурылъхур пкIэм думыгъэплъей (Куэдрэ пумыгъаплъэу Iэнэ къыхуэщтэ, жыхуиIэщ).

Ущакъуэ нэхърэ утакъуэ (ИмыуасэкIэ пуду пщэ нэхърэ, птымэ нэхъыфIщ, жыхуиIэщ).

Фыз бзаджэ лIы гъэжьщ (ЛIыр щIэх жьы ещI, жыхуиIэщ).

Шум и пщIыхьэпIэ

Жэщибл-махуиблкIэ жеяуэ, зы шу къызэщыужащ. Жэщ къэс пщIыхьэпIэ и нэгу щIэкIырти, егупсыса щхьэкIэ зыхуихьынур къыхуэщIэртэкъым. КъыщыхуэмыщIэм, тхьэгурымагъуэм деж кIуащ:

- ПщIыхьэпIэм жэщиблмахуиблкIэ сыхэкIакъым, къикIыр къызжеIэ, - жиIэри.

- Сыт узэпщIыхьар? - къеупщIащ тхьэгурымагъуэр.

- Япэ жэщым сызэпщIыхьаращ: мэзым зы бланэ къыхахури, ди куэбжэм кърахулIащ, бланэр щаукIым, тхьэрыкъуитI къэлъатэщ, ди пщIантIэ къыдэтIысхьэри зафыщIыжащ, пщIантIэм зы вындыжь дэсти, и жьэ зэщIихакъым. Бланэр щаукIам деж щIым зы жыгыщIэ къыхэжауэ слъэгъуащ.

- Бланэр уэращ, - къыжриIащ тхьэгурымагъуэм. - ЗекIуэ уежьауэ уи бийр уи ужь къихьэнурэ уаукIынущ. ТхьэрыкъуитIыр уи шыпхъуитIыращ: я дыщым къэкIуэжынурэ уагъеижынущ. Вындыжьыр уи анэращ: уи анэм и нэпс къыщIэкIауэ яригъэлъагъунукъым хьэдагъэ къыдыхьэм. Уи щхьэгъусэр уэндэгъущи, щIалэ къыпхуалъхунурэ уилъ ищIэжынущ - щIым къыхэжа жыгыщIэр аращ.

- Ар хъунщ, - жиIащ шум. - ЕтIуанэ жэщым слъэгъуаращ: мэл хъушэм сыхэплъэри, зытI фIэкIа яхэслъэгъуакъым. Ар зищIысыр сыт?

- Ар дэ ди псысэкъым, ар ди ужь къихъуэнум я псысэщ: жылэм я унафэр зы лIым и IэмыщIэ щихуэн далэ къэхъунущ.

- Ари хъунщ. Ещанэ жэщым слъэгъуаращ: щIопщыкъу къэсхьынщ, жысIэри мэзым сыкIуащ, «мыр хъунщ щIопщыкъу» жысIэри зы къудамэкIэ сыIэбати, нэгъуэщI зы къудамэ цIыкIуи зыкъишиящ: «Сэ сыпыупщI» жиIэри. Ари сытым хуэпхьрэ?

- Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: я адэхэр унэм кърашэурэ я къуэхэр хасэм хыхьэ хъунущ.

- ЕплIанэ жэщым сызэпщIыхьар мыращ: шы псэф хъупIэм сыщрихьэлIати, езым сыкъищIакъым, и ныбэм илъым и щыщ макъ зэхэсхащ.

- Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: я шыпхъу нэхъыжьыр къыданэурэ я шыпхъу нэхъыщIэхэм дэкIуэу къаублэнущ.

- Етхуанэ жэщым лъахъстэн вакъэмрэ выфэ вакъэмрэ жыгым зэрыдэмыгъэкIуейуэ сепщIыхьащ. Сытым хуэпхьрэ?

- Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: бжьыгъуэр зэпаубыдынурэ цIыхур зэрышх-зэрылI хъунущ.

- Еханэ жэщым си нэгу щIэкIащ: мэшым и хъугъуэти, мэшых сыщыкIуэм, мэшыр къуалэбзум яхъуауэ срихьэлIащ - ху напIэм ху исыжакъым. Сытым хуэпхьрэ?

- Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: щIым и IэфIыр щIэкIынущ.

- Ебланэ жэщым сызэпщIыхьаращ: зекIуэ сежьауэ гъуэгум сыщепсыхри, си щIакIуэр субгъуати, сышэсыжынщ щыжысIэм, си щIакIуэм хъумпIэцIэдж къежауэ слъэгъуащ. Ар сытым хуэпхь хъуну?

- Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: ди ужь къихъуэнум хъумпIэцIэдж хуэдизщ я инагъынур.

Шур хэгупсысыхьарэ жиIэнур имыщIэжу тхьэгурымагъуэм деж къыIукIыжащ.

Кхъуэн и кхъуэц

Псысэ

Еуэрэ-еуэрэт, жи, зы ЦIыврэ зы ПкIауэрэ я Iэпэ зэрыубыдри зекIуэ зэдежьат. Пощт гъуэгужьым теувэри, кIуэм-лъейм пIыртIым-тIакъ, кIуэм-лъейм пIыртIым-тIакъ, гъуэгужьым зы шэдышхуэ тетрэ мелуан кхъухьэр щызекIуэу хуэзащ:

- Нелъэ, ПкIауэ!

- Нелъэ, ЦIыв!

- Нелъэ, ПкIауэ!

- Нелъэ, ЦIыв!

ПкIауэр елъэри, цIывыр хэнащ:

- Еу-уей, си дзэй мыгъуэр псым етхьэлэ! - жиIэри, ПкIауэр Кхъуэныжь деж кIуащ:

- Кхъуэн, кхъуэц къызэти, си дзэйр псым къыхэзгъэхыж! - жиIэри.

- Ахьайт, уэ Кхъуэныжь мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Мышхуей деж укIуэу мышхумпIэ къысхуумыхьрэ!

ПкIауэр Мышхуей деж макIуэ:

- Мышхуей, мышхумпIэ къызэт: мышхумпIэ Кхъуэн естынщ, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Мышхуей мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Къуаргъыжь къыстебгъэтIысхьэрэ!

МакIуэ Къуаргъыжь деж:

- Къуаргъыжь, Мышхуей утемытIысхьэж: Мышхуей мышхумпIэ къызитынщ, мышхумпIэ Кхъуэн естынщ, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Къуаргъыжь мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Джэдкъуртыжь деж укIуэу джэджьей нэф къысхуумыхьрэ!

МакIуэ Джэдкъуртыжь деж:

- Джэдкъуртыжь, джэджьей нэф къызэт: джэджьей нэф къуаргъыжь естынщ, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Джэдкъуртыжь мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Гуэнихьэ деж укIуэу ху матэ къысхуумыхьрэ!

МакIуэ Гуэнихьэ деж:

- Гуэнихьэ, ху матэ къызэт: ху матэ - Джэдкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуаргъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Гуэнихьэ мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу си гуэн лъапэ Дзыгъуэ къыумыгъэгъурэ!

МакIуэ Дзыгъуэ деж:

- Дзыгъуэ цIыкIу, Гуэнихьэ и гуэн лъапэ уемыгъуж: Гуэнихьэ ху матэ, ху матэ - Джэдкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуаргъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Дзыгъуэ цIыкIу мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Наужь сугъэшхрэ!

МакIуэ Наужь деж:

- Наужь, Дзыгъуэ цIыкIу умышхыж: Дзыгъуэ цIыкIу - гуэн лъапэ, Гуэнихьэ - ху матэ, ху матэ - Джэдкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуаргъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Наужь мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Мамыжь деж укIуэу пIапIу къысхуумыхьрэ!

МакIуэ Мамыжь деж:

- Мамыжь, пIапIу къызэт: пIапIу - Наужь, Наужь - Дзыгъуэ цIыкIу, Дзыгъуэ цIыкIу - гуэн лъапэ, Гуэнихьэ - ху матэ, ху матэ - Джэдкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуаргъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Мамыжь мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу Мэкъуауэ деж укIуэу мэкъу Iэмбатэ къысхуумыхьрэ!

МакIуэ Мэкъуауэ деж:

- Мэкъуауэ, мэкъу Iэмбатэ къызэт: мэкъу Iэмбатэ - Мамыжь, Мамыжь - пIапIу, пIапIу - Наужь, Наужь - Дзыгъуэ цIыкIу, Дзыгъуэ цIыкIу - гуэн лъапэ, Гуэнихьэ - ху матэ, ху матэ - Джэкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуар_гъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мыш_хумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ Мэкъуауэ мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу ФадащIэ деж укIуэу фадэ фалъэ къысхуумыхьрэ!

МакIуэ ФадащIэ деж:

- ФадащIэ, фадэ фалъэ къызэт: фадэ фалъэ - Мэкъуауэ, Мэкъуауэ - мэкъу Iэмбатэ, мэкъу Iэмбатэ - Мамыжь, Мамыжь - пIапIу, пIапIу - Наужь, Наужь - Дзыгъуэ цIыкIу, Дзыгъуэ цIыкIу - гуэн лъапэ, Гуэнихьэ - ху матэ, ху матэ - Джэдкъурт, Джэдкъурт - джэджьей нэф, джэджьей нэф - Къуаргъыжь, Къуаргъыжь - Мышхуей, Мышхуей - мышхумпIэ, мышхумпIэ - Кхъуэн, Кхъуэн кхъуэц къызитынщи, си дзэйр псым къыхэсхыжынщ!

- Ахьайт, уэ ФадащIэ мыгъуэр тхьэмыщкIэщ жыпIэу зы кIытэ матэ щхьэлым пхыуэ схуумыхьэжрэ!

- Къащтэ мыдэ уи кIытэ матэр! - жеIэри, къыIех, щхьэлым ехьри, ехьэж аби, къыхуехьыжри кърeтыж:

ФадащIэ фадэ фалъэ кърет, фадэ фалъэр Мэкъуауэ къыхуехь, Мэкъуауэ мэкъу Iэмбатэ кърет, мэкъу Iэмбатэр Мамыжь къыхуехь, Мамыжь пIапIу кърет, пIапIур Наужь къыхуехь, Наужь Дзыгъуэ цIыкIу ишхыжыркъым, Дзыгъуэ цIыкIу гуэн лъапэ егъуэжыркъым, Гуэнихьэ ху матэ кърет, ху матэр Джэдкъурт къыхуехь, Джэдкъурт джэджьей нэф кърет, джэджьей нэф Къуаргъыжь къыхуехь, Къуаргъыжь Мышхуей тетIысхьэжыркъым, Мышхуей мышхумпIэ кърет, мышхумпIэр Кхъуэн къыхуехь, Кхъуэн кхъуэц кърeтри и дзэйр псым къыхехыж.

ПкIауэм зэрихьа лIыгъэр щызэхахым, цIыв жылэр зэхуосри, джэгуакIуибл ягъэтIыс аби, мы псысэр ирагъэус, жи.



Къэбым и махуэшхуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэIуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм махуитIым къриубыдэу япэу щекIуэкIащ Къэбым и фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщащ «Деловая Россия» хьэрычэт школыр къэзыухахэу Блий Залинэрэ Сулеймановэ Самирэрэ, Налшык къалэ администрацэр, къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтыр я дэIэпыкъуэгъуу.

БЖЬЫХЬЭМ и плъыфэ махуэшхуэм хыхьэу иджырей гъуазджэмкIэ «Сквер 100-летия» галереем къыщызэрагъэпэща «Оранжевое настроение» жармыкIэм зэхуишэсащ къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ. МахуитIым и кIуэцIкIэ екIуэкIа зэхыхьэ гуапэм къэб варенэхэмрэ джемхэмрэ, къэб дэлэнхэм я IэфIагъым щеплъам и мызакъуэу, къэб теплъэ зиIэ фо бранычхэр гъэщIэрэщIэнымкIэ, цы зэIуащэнымкIэ, бжьыхьэ теплъэ зиIэ сурэтхэр щIынымкIэ мастер-классхэм ныбжьыщIэхэмрэ я адэ-анэхэмрэ хэтащ, «уэрэд жызыIэ хьэкъущыкъухэм» еплъащ. Зэхыхьэм хэтахэм къэб дыщафэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ. Язынныкъуэхэм къалъытащ зэхыхьэр жэпуэгъуэм зэхэта, цIыху мин 50-м нэблагъэ зэхуэзышэса «Яблочный джем» Iуэхум къыпызыщэу.

- Къэб теплъэ зиIэ бранычхэр згъэхьэзырри, плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сабийхэм ахэр ялэжащ. Тхьэмбылыфэ, къащхъуэ жыпIэми, языныкъуэхэм джэду цIыкIухэр тращIыхьащ, - жиIащ Прохладнэ къалэм щыщ пщафIэ Iэзэ Гаевэ Татьянэ. - НыбжьыщIэхэм мы Iуэхур гъэщIэгъуэн ящыхъуащ, я адэ-анэхэри къадэIэпыкъуащ. Языныкъуэхэм деж бранычхэр унэм здахь, щалэжри, шей дофэ.

«EcoJam» брендыр къызэзыгъэпэща Блий Залинэ варенэ, джем лIэужьыгъуэу 50 егъавэ. Абы щыщу тхур Къэбым и махуэшхуэм хыхьэу игъэлъэгъуащ. Анэшхуэм зэрищIу щытам ещхьу ахэр егъэхьэзыр, узыншагъэм зэран хуэхъун хэмылъу.

- ЯпэщIыкIэ Iуэхум езыр-езыру сыдихьэхри си щхьэм папщIэ згъэхьэзыру щIэздзащ. Зэманыр кIуатэри, ар хьэрычэт Iуэху хъуащ. ЛIэужьыгъуэ 50 иджыпсту къыщIыдогъэкIри, щIэупщIэшхуэ яIэщ. Мазэм къриубыдэу банкI 300 догъэхьэзыр.

Махуэшхуэм хэтахэм ар щIэщыгъуэ ящыхъуауэ, къэбым къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр ягу дыхьауэ, я нэгу зрагъэужьауэ зэбгрыкIыжащ. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм абы иджыри къыпащэну я мурадщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъэр иухащ, къытпэщылъри мащIэкъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Кубань-Холдинг» - 1:3 (1:1). Налшык, «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 16-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Газиев (Кисловодск), Голубев (Санкт-Петербург), Махрин (Орёл).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Уянов, Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Далиев Дауд, ХьэцIыкIу (Блий, 56), Жангуразов (Селяев, 56), Далиев Дени (Мэкъуауэ, 77), Хьэшыр, Мэшыкъуэ (Шэрджэс, 68), ЛIуп (Ашуев, 68).

«**Кубань-Холдинг**»: Снаткин, Парадин, Терехов, Дашавев, Копылов, Ревазов, Колтаков, Малолетов, Сапожников (Краснов, 85), Фадеев (Бакумович, 60), Щербатюк (Василковский, 85).

Топхэр дагъэкIащ: Мэшыкъуэм, 10 (1:0), Ревазовым, 25 (1:1), Парадиным, 48 (1:2), Сапожниковым (1:3).

Дагъуэ къыхуащIащ: Копыловым, ХьэцIыкIум, Сапожниковым, Далиев Дауд, Блийм.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я щэщIрэ еплIанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ, щэкIуэгъуэм и 16-м «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъащ «Кубань-Холдинг» командэр.

ЯПЭРАУЭ, шэч къызытумыхьэнуращи, зэманыр псынщIэу макIуэ. Дыгъуасэ хуэдэщ чемпионатыр щрагъэжьар, ауэ кIэух зэIущIэхэр нобэ ирагъэкIуэкI. Апхуэдэу жытIэ щхьэкIи, мазибл зи кIыхьагъ пIалъэ е гъуэгуанэ абы я зэхуакум дэлъащ, футболеплъхэми, топджэгухэми, тренерхэми я дежкIэ гуфIэгъуэхэмкIи хэплъэгъуэ зэхуэмыдэхэмкIи гъэнщIауэ. Ди «Спартак»-р нэхъыбэрэ къызэрыхагъэщIар къэбгъэлъагъуэмэ, ди щхьэр къыщIыпыхун щхьэусыгъуэри нэхъыбащ.

Дигу къэдгъэкIыжынщи, «Спартак-Налшыкым» чемпионатыр иригъэжьэн хуейуэ щытащ мы гъэм мэлыжьыхьым и 23-м, нобэ ди деж щыджэгу «Кубань-Холдинг»-м и деж щыIэу. Ауэ абы и пэ къихуэ махуэм Мэзкуу областым къыщыхъуауэ щыта гуауэшхуэм щхьэкIэ зэIущIэхэр ягъэIэпхъуат: террорист щIэпхъаджащIэхэм «Крокус-сити» концерт уардэунэр къагъэуат, цIыху куэд хэкIуадэу. ИужькIэ къытрагъэзэжри командитIыр зэдэджэгужащ, зэрытемыгъэкIуауэ, бжыгъэр 1:1-уэ, зэбгрыкIыжащ.

Къыхэдгъэщынщи, «Кубань-Холдинг»-р сыт щыгъуи ерыщу налшыкдэсхэм къапэщIэтщ, нэхъыбэрэ абыхэм датекIуауэ щытми, ауэ сытми цIыкIуфэкIукIи уафIэкIынукъым. Иджырей зэIущIэри апхуэдэу екIуэкIащ: зэныкъуэкъумрэ зэбэнымрэ губгъуэм щыкуэду, Краснодар крайм и топджэгухэр къыдэбгъэрыкIуэ зэпыту, щхьэкъэIэти, зэрыжаIэу, къыдамыту.

Ауэ, дауэ мыхъуми, мыбы ипэкIэ Астрахань щыIэу очкоищ къэзыхьа, бжыгъэшхуэкIэ - 1:4-уэ - щIыпIэ командэм текIуа ди «Спартак»-м, гугъэфIхэр дигъэщIырт, кIэух зэIущIэр и губгъуэм екIуу щригъэкIуэкIыну, футболеплъхэри дигъэгуфIэну, ауэ - дэнэт!

Пэжщ, зэIущIэм и епщIанэ дакъикъэм Мэшыкъуэ Хьэчим топ дахэкIей хьэщIэхэм я гъуэм щыдигъэкIам, ди гугъащ батэкъутэ ди щIалэхэм ягъэшыну, бжыгъэшхуэкIи джэгур къытхуахьыну. Гугъи пэт - зыри пхуэщIэнукъым, а узыщыгугъым ар къыфIэмыIуэхуу щытмэ. «Кубань-Холдинг»-м и топджэгухэм зэман куэди дагъэкIакъым, гугъущи къыддехьакъым бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэкъужын папщIэ: 25-нэ дакъикъэм хьэщIэхэм я топджэгу Ревазов Ацамаз ди топым къыпэджэжащ, езыхэм яхудэдгъэкIам и дахагъым зыкIи къыкIэрымыхуу.

АдэкIэ, бэлыхь гуэри командэхэм къамыгъэлъагъуэу, зэIущIэм и япэ Iыхьэр и кIэм нэсащ. Астрахань хуэдэуи, гъэщIэгъуэным щыщIидзар топджэгухэм загъэпсэхуу губгъуэм къихьэжа нэужьщ. ЗанщIэу, судьяр зэрыфийуэ, Жангуразов Расул IэмалыфI дыдэ иIащ ди командэр япэ иригъэщыну. Хэт ищIэрэт, ар абы хузэфIэкIамэ, Iуэхур нэгъуэщI гуэру къекIэрэхъуэкIыжынкIи хъунт - губгъуэр уэшх къешхым псыф зэрищIам къыхэкIыу, хьэщIэхэм я гъуащхьэтет Стенякин Александр топыр къыхитэну зигъэхьэзыраиуэ и вакъэр щIэцIэнтхъури, джэлащ, пэгъунэгъуу щыта Жангуразовым дежи ар къэжащ. АдэкIэ зыри зэран къыхуэмыхъуу гъуэ нэщIым еуэ ди щIалэр штангэм техуащ!

«Кубань-Холдинг»-м и гъуащхьэтетыр занщIэу къыщылъэтыжщ, топыр ди лъэныкъуэмкIэ къыхитэри, хьэщIэхэм ар куэдрэ зэIэпамыхыу, ди гъуэм къеуэри, къытхудагъэкIащ. Ар зыхузэфIэкIар Парадин Игорщ, 48-нэ дакъикъэм. ХьэщIэхэр а топым къигъэгушхуэри, къыщIэпхъуащ икIи зэман гуэркIэ ди гъуащхьэм тесащ. Уеблэмэ апхуэдэ джэгукIэм къыпэкIуэу, зэIущIэм и бжыгъэр нэхъыби ящIащ. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэм Къумыкум иригъэгъэзащ, ауэ иужькIэ топым япэу нэса, «Кубань-Холдинг»-м и гъуащхьэхъумэныкъуэ Сапожников Ионафан зэуам зыри хуещIакъым. Ди щIалэхэм зэIущIэм и бжыгъэр зэрахъуэжын Iэмали, гукъыдэжи адэкIэ яIэжакъым.

«Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур топджэгухэр щихъуэжым Хьэшыр Алан и гугъу ищIатэкъым, зыгуэркIэ къыхэжанык Iрэ чемпионатым топ дэгъэкIынкIэ бжьыпэр щызыIыгъхэм ялъэщIыхьэжмэ, жыхуиIэу. Апхуэдэ Iэмали ди капитаным къыхукъуэкIат... Ауэ, аргуэрыжу, Астрахань щекIуэкIа зэIущIэмкIэ дымыгъэзэжу хъуркъым: зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нэсри, дакъикъэ зыбжанэ къыхущIагъужами къэнэжа щымыIэу, хьэщIэхэм я гъуэм пенальти судьям тригъэувауэ щытащ.

Футболеплъхэм къазэрыщыхъуар сщIэркъым, ауэ мы джэгугъуэм трагъэувари къагупсысахэм ящыщ хуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэти, топым еуэну Хьэшыр Алан бгъэдыхьащ, арщхьэкIэ, зэригъэзэщIар хъуакъым - Стенякин Александр топым тыншу кърригъэгъэзащ. ИращIар къыдащIэжа хуэдэу хъуащ!

МыдэкIэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: «**Легион**» - «**Астрахань**» - **0:0**, «**Нарт**» - «**Ростов-2**» - **1:0**, «**Биолог**» - «**Динамо Ставрополь**» - **1:4**, «**Ангушт**» - «**Форте**» - **0:1**, «**Дружба**» - «**Динамо-2**» - **3:1- 2:0**, «**Строитель**» - «**Алания-2**» - **6:2**.

Ялтэм и «Рубин»-м иджырей джэгугъуэр блигъэкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**32**	**22**	**5**	**5**	**68-30**	**71**
2. «Рубин»	32	20	4	8	48-26	64
3. «Динамо-Ставрополь»	32	18	9	5	54-31	63
4. «Легион»	32	18	6	8	57-26	60
5. «Ростов-2»	32	19	3	10	57-33	60
6. «Севастополь»	32	17	7	8	47-30	58
7. «Строитель»	32	13	9	10	44-34	48
8. «Астрахань»	32	14	5	13	40-42	47
9. «Нарт»	32	13	5	14	43-47	44
10. «Дружба»	32	13	3	16	41-42	42
11. «Ангушт»	32	8	14	10	22-27	38
12. «Кубань Холдинг»	32	9	10	13	29-37	37
13. «Спартак-Налшык»	**32**	**10**	**7**	**15**	**47-50**	**37**
14. «Биолог-Новокубанск»	32	8	6	18	41-56	30
15. «Победа»	32	7	9	16	36-49	30
16. «Алания-2»	32	4	5	23	24-87	17
17. «Динамо-2»	**32**	**3**	**5**	**24**	**19-70**	**14**

● Гъэсэпэтхыдэхэр

Адэм и уэсят

Зы лIыжь гуэрым къуищ иIэт, жи, щыри зэгурымыIуэу. ЛIыжьым ар егъэлеяуэ игу къеуэрт. И лIэгъуэр къыщысым, щIалищыр кърииджэри, бжэ къуагъым къуэлъ жыхапхъэр яриташ:

- Мыр схузэпыфщIыкIыт, си щIалэхэ, - жиIэри.

Нэхъыжьыр жыхапхъэм еIэри хузэпыщIыкIакъым. Курытми жыхапхъэр къищтэри еIащ, арщхьэкIэ абыи хузэпыщIыкIакъым. НэхъыщIэри пэлъэщакъым жыхапхъэм. Щыри зэдеIэри, неIэмал, зыри яхуещIакъым. Жыхапхъэр лIыжьым къаIихри, зэпкърихщ аби, къамыл зырызурэ зэпищIыкIри яхуидзыжащ:

- ЗэхэфщIыкIа, - жиIэри.

Зэкъуэшищым къагурымыIуами, къызыхамыгъэщу:

- Сыт абы зэхэпщIыкIыну хэлъыр? - жаIэри зэплъыжащ.

- А си делэ гуп, - жиIащ лIыжьым, - абы хэлъщ Iущагъэм и Iущагъэжыр: жыхапхъэ къузам ещхьу фызэрыIыгъмэ, зыри къыфпэлъэщынукъым; фызэрымыIыгъмэ, фызэкIэщIачынщи, зырызыххэу фаукIынщ.

Зэшищыр адэм къажриIам хигъэгупсысыхьащ, абдеж щегъэжьауи я зэхуакум псалъэмакъ къыдэхъуэжакъым, жаIэ.

Уэзсэ сэгъейщ

Зыпщ гуэрым пхъу закъуэ иIэти, дыгъэ къепсым нэхърэ нэхъ дахэт, жаIэ. НэгъуэщI зы хэку гуэрми и лIыгъэрэ и хахуагъэкIэ зы пщы щауэ гуэр щыIэти, жаным хьэщыкъ хуэхъури, лъыхъуащ. Лъыхъуа щхьэкIэ къыпрагъэхащ - къадакъым. Аргуэру лъыхъуащ, аргуэру къыпрагъэхащ. ИтIани лъыхъуащ, арщхьэкIэ ещанэми къыпрагъэхащ... Пщым апхуэдиз лъыхъур иужэгъури, игу ирилъхьащ пщы щауэм хузэфIэмыкIын пиубыду игъэбэяуну. Псэлъыхъухэм къыщытрагъазэм, пщыжьым яжриIащ:

- Мы щIалэр апхуэдизу щыерыщкIэ, къэлътмакъ зэпедзэкI кърещти, факъырэ Iус къыхихыу илъэсищкIэ хэкур кърекIухь - къыхихыр и Iусу, къыдэхуар ищэрэ дыщэу игъэтIылъу. Апхуэдэурэ илъэсищым дыщэ пщалъищ зэхуихьэсыфмэ, ар си хъыджэбзым и уасэ хъунщ.

Псэлъыхъухэр нэщхъейуэ къэкIуэжри, пщыжьым къажриIар пщы щауэм лъагъэIэсыжащ.

Пщы щауэр хьэщыкъти, цIутI жимыIэу, къэлътмакъ зэпедзэкIыр къищтэщ, хьэмкIутIей башышхуэр иубыдыжри, факъырэ Iус къыхихыу хэкур къикIухьыну ежьащ. Къыхихыр ишхыу, къыдэхуэр ищэрэ дыщэ ищIу илъэсищыр щIэхикIащ. Апхуэдэххэурэ пщы щауэм и дыщэ пщалъищыр иригъэкъуащ.

Пщалъищ ирикъуа щхьэкIэ, илъэсищкIэ факъыра щхьэкIэ, щIалэм къэкIухьын щигъэтакъым: еуэ къуажэ-къуажэр къекIухь, еуэ факъырэ Iус къыхех, еуэ дыщэкIэ зэрегъэкIуэкI. ЩымыувыIэххэм, зы махуэ гуэрым и ныбжьэгъухэр къыпэуващ:

- Уасэ хъун зэхуэпхьэсащ, иджы аргуэру дылъыгъэхъу узытхьэкъуа хъыджэбзым, - жаIэри.

АрщхьэкIэ пщы щауэр хэгупсысыхьащ. Хэгупсысыхьри:

- Хьэуэ, - жиIащ, - илъэсищкIэ факъырэ Iус къыхихыу хэтам дэкIуэн хъыджэбз щыIэкъым. КъыздэкIуэми, и гум сищтэжыну, си псалъэм еувэлIэжыну? Си насыпым сэгъейр текIуащи, мы сызэса IэщIагъэр схуэгъэтIылъыжынукъым, сыфакъырэщи, сыфакъырэщ! - жиIэри ежьэжащ.

Адыгэм зэсэ и щIасэкъым, сэгъейм ухесхьэ, жаIэри. ЩIалэм и щхьэ кърикIуар куэдым щхьэкIуэ ящыхъуащ, гъэсэпэтхыди яхуэхъуащ. ЗэраIуэтэжымкIэ, пщы щауэр зытекIуэда хъыджэбзым зыри щIэупщIэжакъым.

Тхьэм фызабэм къыхуигъэкIуа насыпым банэ трепIэж

Зы фызабэ дахэ дыдэ щыIэт, жаIэ, нагъуэрэ тхъэгъуэу, бын хъарзынитIи иIэу. Ар зыхуэмытхьэусыхэ щыIэтэкъым, зэмытхьэусыхылIэри къэгъуэтыгъуейт:

- Насыпыншэу сыкъалъхуат, Тхьэм насып къызитакъым, - жиIэурэ. - Насыпгуэшым къыуимытамэ, дуней фIыгъуэм ухэна мыгъуэщ!

ГуащIэри гущIэгъури зиIэр а зы Тхьэрати, игу къыщIогъу фызабэми, йоуэри, зы Насыпышхуэ къегъакIуэ, и пащIэшхуитIыр гъэкIэрэхъуауэ. Насыпыр къос аби, фызабэм и гупэбжэм къытоуIуэ:

- СыкъэкIуащ, - жи, - ныIух!

- Уэ ухэт, - жи зэхэзещхъуэн хъуа фызабэм. - ИгъащIэм услъэгъуакъым, усцIыхуркъым.

- Сэ сы-Насыпщ, - жи лIы бжьыфIэшхуэм. - Тхьэм гущIэгъу къыпхуищIри сыкъыпхуигъэкIуащ.

- Сыту фIыщэт, на-а! - къэгуфIащ фызабэр.

Насыпыр щIишэным и пIэкIэ, езыр къыщIэбэкъукIщ, и Iэщхьэ пхъашитIыр кIэпхын щIагъым щIилъхьэри, адэкIэ еупщIащ:

- Дэнэ щыIэ-тIэ е уи шыр, е уи гур, е уи гуэныр? Хьэмэрэ унэншэ-жьэгуншэу укъысхуэкIуа?

- Ей, фыз нагъуэ фыз гъулэ, накIуэ, си унэри унэлъащIэри уэзгъэлъагъункъэ! - жиIэри, и Iэпэр иубыдщ аби, и унэ ишащ. Унэм зыри щIэттэкъым, зы гъуэлъыпIэрэ зы хьэкурэ фIэкIа.

- Мы унэ нэщIыжьра насып жыхуэпIэр? - икIуэтыжащ фызабэр, илъагъур щхьэкIуэ щыхъуарэ игу иримыхьу.

- Сыт щIэнэщIыр, мы си IэжьитIыр щIэлъкъэ? - идакъым Насыпым.

- Ара сэ насыпу къыслъысар? Iулъэфи банэ тепIэ!

Фызабэм Насып лIы бжьыфIэшхуэр пригъэхауэ къыщыкIуэжым, Тхьэм уафэ щхьэгъубжэр зэIуигъэжри къегуоуащ, жи:

- Ей, фызурэ фыз нэ хъэрахъэ,
Фызурэ фыз нэхъурей,
Жылагъуэ гыбзэ,
Насыпым и бзэр зымыщIэ,
Насыпым я нэхъ иныр
ныпхуезгъэхат,
Уэ къыпхуэмыцIыхуамэ, сыт мыгъуэхэр си лажьэ? - жиIэри.

Фызабэр щIэпхъуэри игъэзэжа щхьэкIэ, Насыпри, Насыпым и унэри игъуэтыжакъым, жаIэ.

КъаплъэнэфIри фызабэри зэхуэдэщ, тIури зыщогугъыж, жаIэ.

● Журналист зэдэлэжьэныгъэ

Лъэпкъ лъэмыжыр быдэщ

«Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Адыгэ макъ» (АР), «Черкес хэку» (КъШР) лъэпкъ газетхэр илъэс 40-м нэблэгъауэ зэдолажьэ. Илъэс зыбжанэ и пэ редактор нэхъыщхьэу адыгэ газетхэм къэкIуахэу Жыласэ Заурбэч («Адыгэ псалъэ»), Абидокъуэ Люсанэ («Черкес хэку»), МэшлIокъуэ Саидэ («Адыгэ макъ») сымэ я япэ зэIущIэгъуэм «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист, тхакIуэ Чэрим Мариannэ къыщыхилъхьэри, мы гъэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэдагъэзэщIащ лъэпкъ газетхэм.

ЖУРНАЛИСТХЭР адыгэ зэрыс адрей хэгъэгухэм ягъакIуэурэ щагъэлэжьащ, абыхэм редакцэхэм яхьыжа тхыгъэхэр газет щхьэхуэу е зы рубрикэм щIэт тхыгъэхэу къытрадзэжащ. Мы гъэм Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ кIуэну зыхуагъэфэщар сэрати, абы щыслъэгъуа псори иту газетитI къыдэкIащ: №108 (фокIадэм и 7) КъШР-м теухуауэ, №123 (жэпуэгъуэм и 12) АР-м теухуауэ. Журналист зэдэлэжьэныгъэм къыпызыщэ Iуэхур щэкIуэгъуэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ. «Адыгэ макъ» газетым и журналист нэхъ пажэ Ансыкъуэ Иринэрэ «Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, «Лэгъупыкъу» журналым и редактор нэхъыщхьэ, журналист зэчиифIэ Аслъэныкъуэ Мадинэрэ тхьэмахуэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьащ, Iуэхур зытеухуауэ щыта лъэпкъ газетым и илъэсищэм иращIэкIа махуэшхуэми хэтащ.

Ди редактор нэхъыщхьэхэм зэакъылэгъуу къыздрахьэжьа Iуэхур ахэр зи унафэ щIэт къулыкъущIапIэхэм я тхьэмадэхэм къызэрыддаIыгъар гуапэ лей пщымыхъункIэ Iэмал иIэкъым. КъШР-м лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ печатымкIэ и министр Есенеев Мурат, АР-м Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр, «КъБР-Медиа» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэн сымэ реадкторхэмрэ журналистхэмрэ я жэрдэмымрэ лэжьыгъэмрэ къыддаIыгъащ икIи Iуэхум дытрагъэгушхуэу фIэхъус гуапэкIэ щIыналъэхэм къыщытпежьащ.

Япэ дыдэу дезыгъэблэгъа, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ газетым и илъэсищэм триухуэу зэхилъхьа программэмкIэ ди къуэшхэр зэрыс Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр къытхузэIуихауэ жыпIэ хъунущ. «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэ сэрэ а зекIуэм къыщытцIыхуащ КъШР-м ис цIыху цIэрыIуэхэмрэ IэпщIэлъапщIэхэмрэ, щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, псэукIэм зезыгъэужь ди лъэпкъэгъухэм дахуэзащ, а псоми ятеухуахэр ди щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ итлъхьэжащ. «Адыгэ макъым» и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэ Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 33-рэ щрикъум ирихьэлIэу дригъэблэгъати, абы тхуигъэхьэзыра программэмкIэ адыгэ хэкур нэхъыфIыжу дигъэлъэгъуащ, махуитхум къриубыдэу цIыху гъэщIэгъуэн куэдым дахуэзащ, адыгэ Iуэхур дэзыгъэкI, Адыгейм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу, ди лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм къахэзыгъахъуэ нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэдгъэцIыхуащ икIи датетхыхьыжащ.

Ди къуэш республикэхэм дызэрыщыIам хуэдэ дыдэу, дэри ди лэжьэгъухэр къедгъэблэгъэжри, яхузэхэтлъхьа программэм тету Налшык щылэжьащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч япэ махуэм и пщэддджыжьым хьэщIэхэмрэ газетым и лэжьакIуэхэмрэ зэригъэцIыхуащ, щхьэж и редакцэм лэжьыгъэр зэрыщызэтеублам тепсэлъыхьу махуэ къэс зэрымылъагъу журналистхэр зэбгъэдэсащ.

Ансыкъуэ Иринэрэ Аслъэныкъуэ Мадинэрэ а махуэхэм яхуэзащ икIи интервью къыIахащ ди газетыр зи нэIэ щIэт «КъБР-Медиа» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэн; адыгэу дунейм тетыр зэрыгъэщIэным, зэрыгъэубыдыным, лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIыным иужь ит Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий; зи гъащIэ псор лъэпкъ Iуэхум хуэзыгъэпса, хамэ къэрал щикъухьа адыгэхэр зэшэлIэжыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, лъэпкъ газетым зегъэужьыным, къыдэгъэкIыным илъэс 24-рэ хухэзыха, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд; хэхэс адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу хэкум къэкIуэжауэ зи Iуэху дэкIыу щыпсэу, «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ IутIыж Мэжид сымэ.

Нэхъыжьхэм я лъагъуэм хуэфащэу ирикIуэу, адыгэ тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр, бзэр хъумэным хуэпабгъэу диIэ щIалэгъуалэм ящыщу ди хьэщIэхэр хуэдгъэзащ «Акрополь» нэгузегъэужьыпIэ центрым и тхьэмадэ Къардэн Хьэсэн, абы щIэт музейм я беягъымрэ ди лъэпкъым и тхыдэ къулейм и щыхьэту щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ хьэщIэхэм яригъэлъэгъуащ, яхуиIуэтащ Хьэсэн. Апхуэдэу адыгагъэмрэ хабзэмрэ щызэрахьэрэ хьэщIэхуэфIу ди къалащхьэм дэт «Налшык» ресторан-музейм и унафэщI, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Уэзрокъуэ Чэрим «Адыгэхэм я деж хьэщIапIэ» и проект гъуэзэджэр ригъэлъэгъуащ, метр мини 8 зи лъагагъ бгыуэ дунейм тет 14-м дэкIуея адыгэ пщащэ Пекъу Алинэ ялъагъуну я нэ къыхуикIти, ди хьэщIэщым къедгъэблэгъащ, гъэщIэгъуэн куэд къыджиIэжащ. Адыгэ уэрэдыжьхэр, иджырей лъэпкъ щэнхабзэр, адыгэбзэмрэ зыIыгъыкIэмрэ дахэу утыку щызыгъэлъагъуэ, КъБР-м и Филармонием и солисткэ Хьэкъул Оксанэ и творчествэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэцIыхуащ. ГуIэфIтещIэжу ди лэжьэгъу пщащэхэр иджыри зэ «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым щыбгъэдэсащ ди газетым и журналистхэу, нобэ лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ хэува тхакIуэ, усакIуэхэу Хьэщыкъуей Олег, Чэрим Мариannэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Гугъуэт Заремэ сымэ.

Мы зэIущIэхэм ятеухуа тхыгъэхэр ди газетми тетынущ. Ауэ нэхъыщхьэр республикэ зэпэщхьэхуэхэм ис журналистхэр нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхъум фIы куэд къызэрыдэкIуэнурщ. Ди IэщIагъэм пэрытхэр зэпсалъэ, зэхуэзэ щыхъукIэ, цIыхубэми хъыбару яIэрыхьэнур нэхъыбэщ, ар лъэпкъ журналистикэм ехьэлIамэ, щIыналъэ, къэрал куэдым щызэбгрыпхъа ди лъэпкъэгъухэр Iуэхум зэрыщыгуфIыкIынум, хъыбархэм яфIэфIу зэреджэнум шэч хэлъкъым.

Налшык къэкIуа журналистхэр, «Адыгэ псалъэм» и илъэсищэ махуэшхуэм хэтыну Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа редактор нэхъыщхьэхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ гуп дахэу хэтащ пшыхьым, къытхуащIа пщIэмрэ гулъытэмрэ ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужащ.

Ди унафэщIхэр щызэхуэзам иджыри зэ жаIащ мы зэдэлэжьэкIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар илъэс къэс егъэкIуэкIын зэрыхуейр. Къищынэмыщ1ауэ, «Адыгэ макъым» и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэ журналистхэм я зэхэтыкIэмрэ зызыщамыгъэнщIу зэрызэдэуэршэрымрэ илъэгъуа нэужь, къыхилъхьащ дяпэкIэ илъэсым зэ адыгэ газетищым щылажьэ псори щызэчэнджэщыфын, нэхъ гъунэгъуу щызэрыцIыхун, гупсэхуу щызэбгъэдэсын зэхыхьэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр. АбыкIэ арэзы хъуащ зэIущIэм хэта псори.

Пэ зиIэм кIэи иIэщ, ауэ нэгум щIэкIа псори гуапэу гум къонэ. А махуэхэм ди деж щыIа ди лэжьэгъухэр кIуэжа нэужьи, я къалэмыр увыIакъым. Си тхыгъэм кIэух хуэсщIыну сыхуейщ Мейкъуапэ, Черкесск щыщ журналистхэм къыс-хуатхахэр.

Аслъэныкъуэ Мадинэ *(«Черкес хэку»)*: Ди лъэпкъ газетхэм къызэдагъэщIа «Журналист зэдэлэжьэныгъэ» проектым япэ лъэбакъуэр ичагъащIэ пэтми, шэч къытесхьэркъым абы фIагъ куэд къызэрытхудэкIуэнум, гъащIи зэриIэнум.

Сыт сэ абы къысхуихьар жыпIэмэ, жэуапыр сэркIэ нэрылъагъущ: Адыгэ Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ сыщылэжьащ. Хэгъэгуитlми щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, я адыгэ дунейм сыхэплъащ. Гушхуэныгъэ къысхалъхьащ хабзэмрэ нэмысымрэ иджырей гъащIэм зэрыдрагъэкIуфым, литературэбзэр зэрагъэбзэрабзэм, адыгэ шхыныгъуэхэмрэ лъэпкъ Iэмэпсымэхэмрэ гушхуэу утыкум къызэрырахьэфым, къафэ дахэмрэ зыIыгъыкIэ екIумрэ щIэблэм зэраIэпэгъум... Адыгэгу щыпкъэ зыкIуэцIылъ ди лъэпкъэгъухэр-щэ! А псори си нэгум щIэкIащ проектым и фIыгъэкIэ. «Хъуапсэр лъапсэ мэхъу», жеIэ адыгэм. АтIэ, си фIэщ мэхъу, лэжьыгъэ зекIуэм щыслъэгъуар, сызэхъуэпсамрэ си псэр зэщIэзыIэтамрэ ди щIэджыкIакIуэхэм ябгъэдэслъхьэжмэ, абыхэми я гур къызэрысIэтынур.

Аращ ди лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэри. Хэгъэгуищми ис адыгэхэр зэкIэщIэчауэ псэуми, зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягу къэдгъэкIыжынырщ, зэкъуэувэжу къэкIуэныфIым хуэкIуэн зэрыхуейр ягу итлъхьэнращ.

Ди тхыгъэхэм иужькIэ, «щэнейрэ зэхэпх нэхърэ, зэ плъагъумэ нэхъыфIщ» жызыIэу къуэш республикэхэм еблэгъэнум, гъуэгу махуэ!

Ансыкъуэ Иринэ *(«Адыгэ макъ»):* Налщык тызэрэщылэжьэщт программэм сызыхэплъэм Iофшlэгъу дэкIыгъо тхьамафэр зэрэгъэшIэгъоныщтым седжэнджэшыщтыгъэп. Ау ащ сигугъэхэр къыгъэшъыпкъэжьыгъэхэ къодыеп, ашъхьэдэкIыгъ. ТызIукIэгъэ нэбгырэ пэпчъ ищыкIагъэу щытыгъ, гум хэпкIагъ, сишIэжь лъэуж пхырищыгъ. Лъэпкъ журналистикэм илэжьэкIошхоу ХьэшIуцIэ Мыхьамэт, чIым тет адыгэхэр зэфэзыщэхэрэ Дунэе Адыгэ Хасэм и тхьаматэу Сэхъурэкъо Хьаути, хэкупсэу, ильэпкъ фэлэжьэн нэмыкIырэ хъопсапIэ зимыIэу IутIыжъ Мэджыд, адыгэ лъэпкъым, бзылъфыгъэм ыцIэ дахэкIэ рязгъэIогъэ Пекъу Алинэ, иорэдхэмкIэ тидахэ зыIуатэу, къедэIухэрэр ымакъэкIэ зыумэхъырэ Хьакъулэ Оксан, тикультурэ зыIуатэу, тишхыныгъохэр зыгъэлъэгъохэрэ Къэрдэн Хьэсан, Озрэкъо Чэрим, адыгэм имафэ къэс зытхыхэрэ журналистхэу «Адыгэ псалъэм» иIофышIэхэр - пстэури зэфэшъхьафых. Ау ялъэпкъ зэрэфэлажьэхэрэм, неущ иIэным зэрэфэгумэкIхэрэм ыкIи ащ зэрэтелэжьыхьэхэрэм ахэр зэфегъадэх.

Шхьадж зыфэгъэзагъэм елъытыгъэу адыгэ лъэпкъым игъашIэ лъегъэкIуатэ, иIофыгъохэм ателэжьыхьэ, ишIуагъэ регъэкIы. Ары тиIофшIэн ильэныкъошIур - мафэ къэс ащ фэдэ нэбгыракIэхэм тарещалIэ, нэIуасэ тафешIы, тигъэзет сатырхэмкIэ ахэр цIыфхэм ятэгъашIэх.

Мыщ фэдэ журналист зэдэлэжьэныгъэр къош шъолъырхэм ядыгэ гъэзетхэм язэдэлэжьэныгъэ ихьатыр. Нахьыжъхэм рахьыжьэгъэ Iофыр хэнагъэ амышIэу, ары пакIошъ, хахьо иIэу непэрэ редактор шъхьаIэхэу МэщлIэкъо Саидэ («Адыгэ макъ»), Абидэкъо Люсанэ («Черкес хэку») ыкIи Жыласэ Заурбэч («Адыгэ псалъэ») лъагъэкIуатэ. Ащ ишIуагъэкIэ, тэ, журналистхэм, тшъхьэкIэ тлъэгъугъэр тхыжьын амал дгъотырэ къодыеп, зэпэблагъэ, зэныбджэгъу тешIы, гъунапкъэхэр Iуегъэкlотых, тигущыIакIэ зэфэмыдэми, гу лъытымытэу, тызэгурыIо тэхъу.

Налщык щызгъэкIогъэ тхьамафэм зэфэхьысыжьэу сигъэшIыгъэр бэ, ау анахь шъхьаIэр - адыгэм неущырэ мафэ иI, къытхэкIых ащ фэгъуIэхэрэр, кIуачIэ хэзылъхьэхэрэр, игъашIэ фэзгъэлажьэхэрэр: гущыIэкIэ, шIагъэкIэ, искусствэмкIэ. Ау ащ къыфэблэщтыр нахьыб жъугъэу узэIукIэмэ, зым адырэр зэхихымэ, зэхэхьаныр хэбзэ дахэ зыфэтшIымэ. Сыд фэдизэу технологиякIэхэр непэрэ щыIэныгъэм щыпэрытхэми, цIыфым игущыIэрэ, ащ ынэ укIаплъэзэ удэгущыIэщтымрэ ахэр текIощтхэп. Тизэхахьэ нахьыбэ орэхъу!

Тау Замирэ, *«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:* Ткъош Къэбэртэе-Бэлкъарым игъэзетхэу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» ыкIи «Заман» зыфиIохэрэм ямэфэкI Iофтхьабзэу афызэхащагъэм тэ Адыгеим тырилIыкIоу, «Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу МэщлIэкъо Саидэ типащэу тыхэлэжьагъ.

МэфэкIым тыхэтэу Дунэе Адыгэ Хасэм итхьэматэу Сэхъурэкъо Хьаути, КъБР-м и Адыгэ Хасэ итхьэматэу ХьашIуцIэ Мыхьамэт, Европэ Адыгэ Хасэм итхьэматэу Вэрэкъо Заати зэIукIэгъу дахэхэр адытиIагъ. Тинахьыжъхэм шъхьэкIафэ афэтшIыгъ, дгъэлъэпIагъэх.

Журналист зэдэлэжьэныгъэмкIэ тиIофшIэгъухэу Анцокъо Иринэрэ («Адыгэ макъ») Аслъаныкъо Мадинэрэ («Черкес хэку») IофшIэгъу мафэхэу мэфэкIым къыпэу КъБР-м афызэхащагъэхэр гъэшIэгъон дэдэу щыкIуагъэх, зыIуагъэкIэгъэ цIыф шIагъохэм тиIофшIэгъухэм лъытэныгъэ ин къапагъохыгъ, цIыфыгъэкIэ, дэхагъэкIэ къапэгъокIыгъэх. Тижурналистхэри гъэхъагъэ хэлъэу лэжьагъэх.

Анахь къыхэдгъэщымэ тшIоигъор тиIофшIэгъу лъапIэу ыкIи дгъэпшъэшъэгъоу, илъэс пчъагъэхэм зэпхыныгъэ дахэхэр зыдытиIэу «Адыгэ псалъэм» ижурналистэу, Адыгеим изаслуженнэ журналистэу НэкIэпыджэ Замирэ щытхъуцIэ лъапIэу «КъБР-м изаслуженнэ журналист» зыфиIорэр мэфэкIым къыщыфагъэшъошагъ. А гушIуагъор зэрэдэдгощыгъэр тэркIэ лъапIэ. Ежьыми ифэшъошэ дэд! Замирэ иIофшIагъэхэмкIэ лъэпкъхэр, къошхэр, къэралхэр зэзыпхыгъэ цIыф!

«Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаIэу Жыласэ Заурбек, редакцием иIофышIэхэр гуфэбэныгъэ хэлъэу къытпэгъокIыгъэх. НэкIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Гугъуэт Заремэ, Къаныкъо-Фырэ Анфисэ, Уэрдокъуэ Женя, нэмыкIхэми а мэфэ заулэм редакцием тащыIукIэщтыгъ, къытпекIокIыщтыгъэх. IофшIэгъу зэпхыныгъэхэм, зэныбджэгъуныгъэм ялъэмыдж зэдэтIэтыгъ. Ар зымыуасэ щыIэп.

«Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу МэщлIэкъо Саидэ зэкъош гъэзетхэм яредакциехэм яIофышIэхэр зэрэщытэу зэIугъэкIэгъэнхэм, шъхьадж гъэзетэм щигъэцэкIэрэ IофымкIэ шIэныгъэу аIэкIэлъхэмкIэ зэхъожьынхэ, зэрэшIэнхэ алъэкIыным афэгъэхьыгъэ проектыкIэ журналист зэдэлэжьэныгъэмкIэ 2025-рэ илъэсым дгъэцэкIэнэу къыхилъхьагъ. Фэдэ зэIукIэгъухэм гукъэкI хьалэмэтхэр къахэкIых. «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаIэу Жыласэ Заурбек а гукъэкIыр дыригъэштагъ. Ащ фэдэу зэрэзэдегъаштэрэм, тызэрэзэгурыIорэм - тегъэгушIо ыкIи тегъэгушхо!

Мэфищым Налщык тыкъэтыфэ гуIэтыпIэу тыгъэр къыщепсыгъ. Иурам дахэхэм къащыткIухьагъ, ибжыхьэ чIыопс идэхагъэ зэхэтшIагъ, иошъо къаргъо къыщыхэIэтыкIыгъэ къушъхьэтхыхэу осыр зытелъхэр нахь благъэ къытфишIыгъэм фэдэу таIуигъэплъагъ. Мэфэ шIагъохэр Къэбэртэе-Бэлкъарым щитхыгъэх. Ахэр тиIофшIэгъу зэпхыныгъэхэм, зэкъош зэфыщытыкIэхэм ятарихъ къыхэнэщтых, лъэубэкъукIэхэм якъежьапIэу хъущтых.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщI.

**Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**Индексыр П 5894
Тиражыр 1.487
Заказыр №2483** 12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.